# МагIарулай 6/2019

ISSN 0132-9723

Аварский



# Мы были с вами...





# Чорхолъа унти аги, рекIелъа ургъел аги...

Сундухъго балагьичIого, нилъ рагъа-рачарун рахъинегIан, цо гьабулеб иш рагIалде бахъинегIан чIечIого, тасамахIлъи гьабуни, цого бакIалда чIун ругони: - нуж хадур гъелароха, дир лъимал, рорта-чIван цере рильлъа, - йилан абулеб гIадин, бекерулеб буго заман.

*БачIуна ЦIияб сон, уна цояб сон,*
*Санайил тIегь бала дир тIалъиялда,*
- йилан хъвана шагIирас.

ЦIияб сонгун, хириял магIарулал!

Ана нилъер щивасул гIумруялда тIасаги цоги сон. Умумуз абухъего, меседил чу рекIун чапар хадув витIаниги, тIерхьун аралъуса гьеб тIад буссинаро. Гьединлъидал батила нилъее гьаб гIумру хириябги бугеб. Аби буго, нусго сон барав херасдаги жиндир гIумруялъул бищунго лъикIабщинаб жеги цебе бугин кколилан. БачIунесеб – гьеб нилъер щивасул пикрабалъ гьайбатаб букIуна. Пикрабалъ бугелдасаги гьайбатаб батаги нилъер ВатIаналъул букIинесеб.

ЦIияб сон тIаде бачIунаго, унеб соналъул хIасилал гьарулеб гIадатги бугелъул, ракI-ракIалъ баркала кьезе бокьун буго «МагIарулай» журнал къватIибе бачIине, гьеб пайдаяблъун лъугьине, цIалдолезе щвезе квербакъанщиназе, авторазе, мухбирзабазе. Хасго кIудияб баркала буго авар мацIалъул мугIалим, «ХIакъикъат» казияталъул мухбир Шамай Хъазанбиевалъе.

Цойги баркала буго журнал хъвалезе, цIалулезе, жидецаго цIалун бахъингун, гьеб цойгидазухъеги цIализе кьолезе. 2019 соналъ бищунго кIудияб подписка букIана Хунзахъ районалъул администрациялъул. ХIалчIахъаги, хадубги магIарул миллияб басмаялда квер чIвазе, гьеб цIализе ва пайда босизе.

КигIан нечаниги, руго нилъер цониги экземпляр «МагIарулай» журнал хъвачIел магIарул районалги. Лъалароха гIилла кинабали. ЦIияб соналъ киданиги тIолареб лъайхъвай ккаги гьезулги журналалъулги.

Хириял магIарулал!

Нахъойги ракI-ракIалъ баркула нужеда гIумруялъул цIияб сверел. РекIелъ рохелги, бералъ талихIги, нужер киданиги сунгеги. Харабазул гIакъилал харбаз базабураб нур дагьабги гвангъаги нужер рукъзабахъ. Лъималазул кIарчамаб гаргаралъ ва релъиялъ даим бачахъаги сихIкъотIи азбаралъуса. Сахлъи кьеги чурхдузе, чарам лъеги ракIазулъ. Гьобол-гьудул даим рохелгун вачIаги, хабар лъикIаб гуреб рагIугеги. ЦIияб соналъ нужер щивалъул мурадал тIураги, чорхолъа унти аги, рекIелъа ургъел аги.

Баркатгун бачIараб батаги ЦIияб 2020 сон тIолабго дунялалъе, нилъер пачалихъалъе, Дагъистаналъе ва киналниги дагъистаналъул миллатазе. ЧIахъаги магIарулал! Кьеги нилъее гIакълу нилъерго мацIги, цIарги, тарихги, маданиятги, адабиятги цIунизе ва наслабазухъе аза-азар соназ кьезе.

**«МагIарулай» журналалъул редактор**
**Баху МУХIИДИНОВА**

## НОМЕРАЛДА ЦIАЛЕ:

### МУХIАМАДОВАЗУЛ ХЪИЗАНАЛЪУЛАБ ПЬЕСА



– Нижер театралъул актералги, гIемерал цогидалго гIадин жалго жидельго рукIуна. Нижецаги лъимал гIемер рачине кколаан цадахъ репитицияздеги спектаклияздеги, хIатта гастролаздегицин. Гьелги кулисаялда нахъа гIунин абизеги бегьила. ................................. 5

### ДИЦА ДУЕ ХЪВАЛА ХЪАХIАЛ САРИНАЛ...



Дица дуе хъвана хъахIал саринал,
Сардал рорчIун чанги бикьана ургъел,
Кодоб жергъен босун некIсияб бакъан,
Хваравги вахъунев, тIамуна чанги.
КIалъана недегьго, гьимана гогьго,
КIарчанго бицана берцинаб хабар,
КочIол куплетазулъ, кинабго кIочон,
Чанги инагьдана чара хварай дун........ 12

### ДЕРЕЦ - КЪУВАТАЛЪУЛ ВА ХIЕРЕНЛЪИЯЛЪУЛ ГIАЛАМАТ



– Цо бутIа гIарац нижее кьола Ильясовазул хъизаналъ, гьединго руго цогидалги кумек гьабулел гIадамал. Дицаги лъола Фондалда гIарац. Киналго дараччинкаца гьабула гьениб гIахьаллъи. .................................. 8

### БЕРЦИНЛЪИ ГIУЦIИЗЕ ВА АНИЦIАЛ ТIУРАЗЕ



Нилъер гIемерал руго юристалги экономисталги, махщел камилал хIалтIухъабийин абуни къад кан бакун ралагьаниги ратуларо. Гьединлъидал махщел гьечIелгунги хIалтIичIого гIоларо. Гьез хIалтIи халат бахъинабула ва ахиралда хвезабунги батула. .....26



Гьай гӀадатияй гурей ва гьайбатай гӀаданалъулгун гара-чӀвариялда, тӀоцебесеб иргаялда, нилъ хӀайранлъизарула гьелъул жанисеб къуваталъ, гьелъул жиндаго ва жинцаго гьабулеб иш ракьалда бищунго кӀвар бугеблъун букӀиналда божиялъ. Гьединлъидал батила гьелда аскӀой йигеб заманаялда дицаги хӀаракат бахъулеб букӀараб гьелда ящалъизе, гьей дидего данде кколей йикӀарай ва бихьулаан гьеб унго-унгоги захӀматаб жо букӀин. Бажарулеб гӀадинаб иш букӀун гьечӀо кидаго гӀумруялдаги хвалдаги, гӀазаб-гӀакъубалдаги ва чиясул рухӀалда барахщичӀеб къеркьеялдаги гьоркьой, гьесул ахирисеб божилъун йикӀине!

# ХӀикматал жал руго лъимал…

ГӀицӀго тохтурилан абун тӀубаларо Индира МухӀамадовна Юнусовалда. Гьелъ гӀадамал сахлъизарула рагӀул къуваталдалъунги ва рекӀел хинлъиялдалъунги. Гьединаб гьунар кумекалъе батула захӀматалгицин унтаби бигьалъизаризе. ГӀицӀго дараби кьун лъимал сахлъизаризе захӀмалъула цадахъ тохтуралъул рокьиги хинлъиги гьечӀони. Гьеб рокьиялъ къуват кьола, хӀатта чӀахӀиязеги захӀмалъулел операциял ва процедураби хӀехьезе.

– ХӀикматал жал руго лъимал, - ян абуна Индира МухӀамадовнаялъ, - гьел ккола бетӀергьанасул сайгъат ва гьез нугӀлъи гьабула инсаният чӀаго букӀиналъеги, гӀагаразе гӀоло къурбанлъизе хӀадураблъун букӀиналъеги.

Кидаха гьелда бичӀчӀараб жийго сундуе йижун йигеяли? Батизе ккола цӀализе, хъвазе, пикру ва хӀасил гьабизе лъараб заманаяда бичӀчӀун…

– ЗахӀмалъизе буго дуе, - ян абулеб букӀана гьелда эбелалъ, гӀелмабазул доктор, ДГМАялъул профессор Марьям ХӀажиевалъ. – Аслияблъун ккола, дир яс, дуда духъа бажарулебги бажаруларебги бичӀчӀи ва гьелда рекъон профессия тӀаса бищи.

Доб заманая лда жеги Индирада медицина ракӀалда букӀинчӀо. Школа гьелъ лъугӀизабуна щуйилазда, хадуб МГУялда кӀиго моналъ стажировка гьабуна бокьулеб предмет химиялъул. Амма цӀализе гьей, гӀагарал божараз малъун, лъугьана мединститутальул педиатриялъул факультеталде…

– Гьеб батизе ккола дие лъимал кутакалда рокьулел рукӀиналда бараб жо, - ян абуна Индирaцa. – Дица къисматалъе баркалаги кьола мекъи ккезе течӀелъухъ. БатӀияб ишалда дунго дидаго цеги чӀоларо.

Инсул гьалмагъ, машгьурав документалист, Дагъистаналъул кинематографистазул Союзалъе нухмалъулев вукӀарав МухӀамад Сулеймановас, профессор, вузалъул педиатриялъулаб кафедраялъе нухмалъулев Альберт Максимович Антоновас Индирае лъикӀаблъун бихьизабуна хадуб интернатура педиатриялъул лъугӀизаби. ТӀоцее гематологиялъул отделениялде щведал гьей йиххун ккун йикӀана, гьенив холев вукӀарав анцӀила кӀиго сон барав вас къахӀан гьелъул кверги ккун, гӀодилаго: «Дие хвезе бокьун гьечӀо, хвасар гьаве дун» абун гьардезе лъугьиндал.

– Гьеб букӀана кутакаб хӀинкъи, - ян ракӀалде щвезабуна Индира МухӀамадовнаялъ, - гьес дир квер ккун букӀараб щулаго…

Интернатура лъугӀизабун хадуй Индира хутӀана МахӀачхъалаялъул ГӀемерпрофилазулаб больницаялъул гематологиялъулаб отделениялда хӀалтӀулей. Гьеб заманаялде республикаялъулаб больницаялъул профильнияб отделениялъул цӀар хисун букӀана онкогематологиялъулабилан, ва 2013 соналъ Индирахъе ккана гьеб

гIуцIиялъе нухмалъи гьабизе. Гьеб рикIкIуна рехсараб учреждениялда бищунго захIматаб бутIалъун – онкологиялъул, гематологиялъул ва химиотерапиялъул отделение.

– ГIемерал хиса-басиял гьаризе ккана сахлъизариялъулаб хIалбихьиял малъун, - ян абуна тохтуралъ, - гьезде хIажалъи ккана жибго отделениялъул сах гьариялъул материалияб кьучI хисулеб ва щулалъулеб букIинальги, цIияб техника ва оборудование хIалтIизабизе рес кьеялъги, гьеб рахъалъ гIелму цебетIолеб букIинальги. Онкологиялъ унтарал лъималазе гьабизе ккола химиотерапия. Гьелъул кумекалдалъун холел лъималазул къадар дагьлъана 3,5 нухалъ ва ккана 2,5 проценталде.

– Дица дидаго абуна: «Индира, дуца чIезабизе ккола бищунго хIинкъараб диагнозги – хвел гуреблъи!». Дида бичIчIулеб букIана байбихьуда дие гьеб цIакъ захIмалъизе букIинги. Амма, лъалищ, унти къезабизе бугеб гъираялъ тункула цере, тIамула таваккалал, жал кинго бажариларилан ракIалде ккколелги, ишал гьаризе. Дица цадахъ хIалтIулел киданиги тIамичIо хIалица щиб букIаниги гьабизе, амма тIалаб гьабула хIасил кколедухъ хIалтIизе, гьанжесеб методикаялдаса пайда босизе. Гьединлъидал щивав тохтурасги медицинаялъул гьоркьохъел хIалтIухъабазги, дида цадахъ лъугьун, ралагьула гьанжесеб къагIида, онкологиялъ унтарал сах гьариялъе хIалтIизабула Европаялъулги дунялалъулги гематологиязул центразда бугеб цIияб методика.

Индирица стажировка гьабуна Германиялда бугеб, кIудиязул цояб гематологиялъулаб Централда, гIахьаллъана Франциялда, Испаниялда, Италиялда, ЮАРалда, Москваялъул, Блохинил цIаралда бугеб онкологиялъулаб НИИялда тIоритIарал, халкъазда гьоркьосел конгрессазда.

– Дида бичIчIана онкология данде къеркьезе бегьулеб ва 80 проценталъ жиб къезабизе бажарулеб унти букIин.

– Дица эбел-инсуда кидаго абула, - ян бицана Индира МухIамадовнаялъ, - ТIадегIанасе какал районин ва гьелъ кумекги гьабизе бугин божиялдаса къуватаб жоги букIунарин! Божизе ккола нилъерго къуваталда, инсанасул бугеб ресалда, машинаялъул гьунаралда, цIиял, нилъер заманаялъулал технологиязда. Кинабго гьеб цадахъ босун хIалтIиялъ хIасилал гIажаибал кьола.

Индира МухIамадовнаялъ гIемераб хабар бицуна, мисалал гIемерал рачуна хвалил квачIикьа рорчIизариялъул. Гьелда кIочонаро цониги жидехъ сахлъизабураб лъимер ва гьезул

*Гьей йохизаюла унтараб лъимадул щибаб гьимиялъ, гьезул эбел-инсул бадиб бугеб рохелалъ ва божиялъ. Гьелда лъала тохтурасул хIал кIолареб хIал букIунеблъиги. Амма кин бугониги кверал гIодор риччан чIезе бегьуларин, бажарарабщинаб гьабизе кколин абула Индира МухIамадовнаялъ. Чанги букIунила унтараб лъимер сахлъизабулаго БетIергьанасул кумек щванилан ракIалде кколеб мехги.*

щибалда хадуб букIуна ракI унтиги. ГьабсагIаталъ гьезул стационаралда букIуна лъабкъого лъимар, хIисабалде росаразулин абуни гIолеб буго щунусго. Сахлъизарурал лъималазул хадусеб гIумруялда, гьезул гIеялда, гIумруялде рахъиналда, ригьнаде руссиналда хадубги хал ккун букIуна тохтураз.

– Дие цониги гьаниб бугеб сурат гьадингосеблъун букIунаро, гьаб буго нижер гIаммаб гIумруялъул лахIзат, нижеца киназго унтиялда тIад босараб бергьенлъи…

– Кинха духъа гьебгощинаб ургъелги, ракI унтиги хIехьон бажарулеб, - абун гьикъана дица гьелда, гьелъул къуваталъул кутак рагIизеги бокьун.

–Лъалищ, - ян абуна гьелъ, - кидаялиго дица диего рагIи кьун букIана: кинаб ахIвал-хIалалде кканиги нахъе къачIого йикIине. Ва щибаб нухалъ, гIодой ккезехьин йигилан ургъулаго ккарабго дида гьеб ракIалда щола ва унтаразухъе щвезе уна.

Индирахъ ялагьун дидаги йихьулей йикIана сундухъго балагьичIого жиндирго тIаде босараб борч тIубазе хIадурай чIужугIадан. Гьединлъидал гьелъ нухмалъи гьабулеб отделениеги цогидал стационаразда релълъараб гьечIо. Гьениб гIемераб буго канлъи, гIурчинлъи ва гвангъи.

Бичас кьурай тохтуралъ жиндир тIалабалда ругел лъимал киданиги толел гьечIо кIвар кьечIого. Къасиги къадги гьелъ кодоса биччалеб гьечIо мобильнияб телефон. Ва кидаго хIадурун йикIуней йиго ахIун бачIани ине, унтаразе кумек гьабизе, цоги гIумру хвасар гьабизе.

Нус аза-азар гIадамал, гьезда гьоркьор волонтерал, жамгIиял хIаракатчагIи, рес бугел гIадамал хIадур руго гьей, профессионал, нилъер республикаялда ва улкаялда гурейги, гьеб бахун къватIийги жий машгьурлъарай чIужугIаданалъе кумекалъе рахъине ва ратизе. Гьелъул малъа – хъвазде хIажалъи бугел ва гьездаса пайда босулел специалистал кирго гIемерал руго. Гьединлъидал Индира МухIамадовна гIемерай гIахьаллъула онкологиялъул суалазда хурхарал, методологиялъулги гIелмиялги конференциязда.

Дуе гьанже къисмат хисизабиялда тIад ургъани лъикI букIинародайха? – абун дица дирго пикру загьир гьабуна гьелъие. – Дур ресги бихьула улкаялъул бокьараб клиникаялда хIалтIизе…

– КидагIаги лъугьинчIо дун хьулухъ балагьизе ва бечелъи данде гьабизе, - абун гьимана Индира МухIамадовна. – Нижер хъизаналда гьитIинаб кьоялдасаго малъулаан бацIцIадаб захIматалъулъ гурони баракат букIунарин ва гьелъ гурони роххизеги гьаруларин. Гьанже гьеб бичIчIиги балагьиги дагьал гIадамазул гурони хутIун гьечIониги, дие тарбия гьединаб щвана, дица гIумру кьезе буго гIадамазе.

Гьел чIахIиял рагIабиги гуро, тохтурасул букIине кколеб, гражданинасул, ай ургъулев ва жавабчилъи гIурав чиясул букIине кколеб бичIчIи буго. Индира МухIамадовна жиндир кумекалде ккарав яги хIажалъи бугев чи вихьичIого ва рагIичIого толев гьечIо. Тохтуралъ бажарараб кумек гьабулеб буго рухIчIаголъаби хьихьулелги, гIарац кьолеб буго гьединаб ишалъе гIуцIарал фондазе. Гьединго гьей гIемерай щолей йиго батIи-батIиял церелъеяздеги, цIакъго бокьулеб буго театрги

Индира МухIамадовнаялъул буго лъикIаб хъизанги. Вас Залимханил буго бакIал раялъул бизнес, Яс ГIайна – тохтур – дермотолог, ХIамидовасул клиникаялъул косметолог. Рос Вагьид ГIабдулатIиповичасул хIакъалъулъ гьелъ хасго хинго бицана:

– Нижрокьиги ккун данделъана, гьес киданиги хабар гьабичIо дун дежурствабазда хутIулей, хехаб ахIи бачIун яги консультациязде ине ккколей йигилан.

Дица гьесие баркалаги кьола ва гьоркьосан къотIараб гIечгIадинги рукIуна ниж, рохелги къварилъиги нижеца цадахъ къулчIула. Дида лъала росасул рахъкквейги кумекги букIинчIебани гIелмуялда цебетIей кинабгIаги ккезе букIинчIеблъи.

– Лъалищ, - ян абуна гьелъ, - дун йикIине ккола кинабго гьанже заманаялда рекъон онкологиялъ унтарал сахлъизариялъе хIалтIизабулебщинаб къагIидаги цIиябщинаб жоги лъикI лъалей ва гьездаса пайда босизе бажарулей гIаданлъун. Жеги чIезаричIел гIелмиял пикраби гIемерал руго онкологиялъул унтиялда хурхарал. Жеги лъаларо гьеб хIинкъи цIикIкIараб унти ккеялъе бугеб гIиллагицин. Генетикиялги, вирусниялги гIиллабазда хурхарал пикраби рукIаниги, щиб гIиллаялда бан гьеб баккулебали лъазе кIолеб гьечIо.

Тохтуралъ бицана ракалде данде чIараб методикаялъулги, гьединаб дандечIей гьабиялъе черхалъулъ къуват букIине ккеялъулги, гьелъие хIалтIизабулеб терапиялъулги ва гьединаб хIалтIулъ кколел ругел хIасилазулги.

Чанго нухалъ Россиялъул чIахIиял гематологиялъулал Центразда цIалун жиндирго лъайги хIалбихьиги борхизабурай Индира Юнусовалда жиндирго иш лъикI лъала. Гьелъие кьун буго лъималазул онкологиялъул тохтуралъул тIадегIанаб категория ва республикаялда гьей йиго лъималазулаб онкологиялъул сертификаталъе тIоцее мустахIикълъарай тохтурлъун. Гьединго гьелда тIадкъан буго республикаялъул Сахлъи цIуниялъул министерствоялъул ва гьединго СКФОялъул лъималазул онкологиялъул аслияй специалисталъул хIалтIиги.

Тохтуралъ жигараб гIахьаллъи гьабула республикаялъул ва федералиял СМИяздаса онкологиялъулгун гематологиялъул бугеб хIалалъулги цере чIарал масъалабазулги бицине. Индира Юнусова гIемер уна республикаялъул районаздеги шагьараздеги лекциялгун, гьелъ кидаго кIвар кьола гIадамазда гьеб унтул бугеб хIал бичIчIизабиялде. Малъа-хъваял гьарула гIолохъанал специалистазе ва гьеб киналдего тIаде тIубазабула гIелмияб цIех-рехалъул хIалтIиги.

Гьелъул кандидатлъиялъулаб диссертациялъул тема кола: «Распространенность и структура клинических форм железодефицитных анемий



у детей в микрорайонах г. Махачкалы», абураб ва кватIичIого рагIалде бахъине кола докторлъиялъулаб хIалтIи цIуниги.

Индира Юнусова ккола ДГМУялъул ФПОялъул педиатриялъулаб кафедраялъул ассистент ва гьелъул гIахьаллъигун хъван буго кIикъогоялдаса цIикIкIун гIелмияб хIалтIиги.

– ГIолохъанал специалистал хIалтIизе рачIиндал дица гьезда гьикъула разиял ругищ рухIалда барахщичIого, бугебщинаб къуваталда ва заманаялда барахщичIого хIалтIизе. Гьедин гьикъун букIана дица гьанже РДялъул Халкъияб Собраниялъул депутатлъун йигей Лейла Таптыг-Кызыдаги хIалтIизе ячIиндал. Гьеб мехалдаго бичIчIунги букIана гIолохъанай тохтуралъ жиндирго иш лъикI гьабизе букIин ва йохарай йиго дир пишацояй гьединаб жавабияб ишалда йикIиналдаса ва гьенибги гьелъ сахлъи цIуниялда хурхарал законал рахъиялъулъ жиграб бакI кколеб букIиналдаса.

Лейлаца гьединго кIудияб хIаракатчилъи бихьизабула «ГIумру гьабе ва гьеб гьабизе рес цогидазеги сайгъат гьабе» абураб ГурхIел-рахIмуялъулаб фондалдаги. Гьеб ккола захIматал унтабаз унтарал лъималазе кумек гьаби мурадалда гIуцIараб фонд ва гьезул кумекалдалъун сах гьаризе лъимал ритIула къватIисел пачалихъаздегицин, босула хирияб оборудование. Цоги нижер отделениялъе кумек гьабула «Инсан» абураб жамгIияб гIуцIиялъ. Гьаниб лъималазе хIалхьиялъе квегIенлъи гIуцIулаго гIемерисеб гьабуна нижее кумекалъе ратизе хIадурал гIадамаз. Мисалалъе, «Ростелеком» ОАОялъул генералияв директор Р. Ярахмедовас кидаго гьоркьоса къотIизе толаро нижее гьабулеб кумек.

20II соналъ ТIолгороссиялъул Х абилеб конкурсалда Дагъистаналъул медикалъе гьуна «Россиялъул лъикIай тохтур – онколог» абураб цIар. 20I7 соналъ, гIемерал соназ гьабулеб ракIбацIцIадаб хIалтIухъги, онкологиялъ унтаразе гьабулеб кIудияб кумекалъухъги, гьей йихьизаюна «ГIумру гьабизин» абураб, щибаб соналда тIобитIулеб, ТIолгороссиялъул пациентазулаб премиялъе лауреатлъун. Сахлъи цIуниялъул кIвар бугеб ишалда лъураб кIудияб бутIаялъухъ гьелъие кьуна «РДялъул мустахIикъай тохтур» абураб хIурматияб цIар. Гьединго И. М. Юнусовалъе щун руго РФялъул Пачалихъалъулаб Думаялъул ва Федерациялъулаб Советалъул рахъалдаса баркала, СКФОялъул, лъималазул онкологиялъул ва гематологиялъул миллияб гIуцIиялъул рахъалдаса грамотаби ва медалал. Гьей ккола республикаялъул сахлъи цIуниялъул отличник. Республикаялъул Сахлъи цIуниялъул министерствоялъги, РФялъул сахлъи цIуниялъул хIалтIухъабазул профсоюзалъги гьелъие грамотаби кьун руго сахлъи цIуниялъул ишазда бихьизабураб хIаракаталъухъ ва гIемерал соназул захIматалъухъ.

– Мун лъикIаб букIинеселда божулищ? – абунги гьикъана дица Индира МухIамадовнаялда.

– Гьелда божичIого тIураларо, - абун гьабуна гьелъги жаваб. – Тохтур Аллагь гуро, амма ниж Аллагь гIадин руго гьал, нижер кумекалъулъ жидер хвасарлъи бихьулел унтарал лъималазе, гьезул эбел-инсуе. Гьединаб мехалда лъикIалда божичIого тIураларо.

Индирада абизе бегьила кинабго рекъарай гIаданилан. Гьебги гIицIго профессионаллъун гьей йикIиналъ гуро. Абизе хIинкъиларо, гьей йиго цIар дунялалдаго рагIарай гIадан. Гьелъул буго гIатIидаб ракIги ва гьеб рекIел хинлъи гьелъ кьолеб буго унтараб лъимадуе – гьеб кутакаб иш буго!

Къисматалъ сайгъат гьабуна дие гьей гIалимчIужу, гIакъил, тIадегIанас кьурай тохтур, пикруги балагьиги гьваридай гIаданалъулгун дандчIвай ва гьеб дандчIваялъ дун гIемерго гьваридго гIумруялда тIад ургъизеги тIамуна. Пикру бижана цIакъго божани кинабго лъикIабги лъугьунеб батилин.

- БатIайиса гIумру гьабилебги кинха? – илан абуна дир героинаялъги.

**ГIайшат ТАЖУДИНОВА**

# МУХIАМАДОВАЗУЛ ХЪИЗАНАЛЪУЛАБ ПЬЕСА









Театразда наслу лъугьин къанагIатаб ишлъун ккола. Гьединаблъун ккана МухIамадовазул наслуги. «Хъизаналъулаб пьесаялъул» киналго гIахьалчагIи жакъа къваригIун руго ЛъарагIазул А.-П. Салаватовасул цIаралда бугеб театралъе. Гьел ккола хъизаналъул бетIер ЛъарагIазул театралъул аслияв актер, Россиялъул мустахIикъав артист Басир Насирович МухIамадов; гьесул лъади Дагъистаналъул халкъияй артистка Зарема ГIабдулманаповна МухIамадова; гьезул вас, тетралъул аслияв актер, Эльдар МухIамадов ва гьесул лъади – актриса Джамиля МухIамадова.

Гьеб хъизаналъул тарих лъугьана театралда наслаби лъугьиналъул тема гьоркьоб лъеялъе гIиллалъун, батIайисайин абуни гьаниб бицунеб буго кин гьезул наслу театралда цIикIкIарабали.

Театралъул сценаялда МухIамадовазцадахъ гьабулеб хIалтIи гIадамазда лъала ва гIемерисезе гьеб къабуллъула. РакIалде щвезаризе бегьила гьез ролал хIарал спектаклял, мисалалъе М. Джумакаевасул «ГIабдалзаби», театралъул сценаялдаса бахъулареб, гьелъул меседил фондалде ккараб, У. ХIажибековасул «Аршин мал аланалда» Велил роль, А. Къурбановасул, заман унилан херлъулареб «Молла Насредин» постановкаялда киназего вокьулев Насрединил роль, А. Гольдонил «КIиго БетIергьанасул лагъ» пьесаялда Труффальдинол роль ва гIемерал цогидалги спектаклял.

Гьеб театралияб наслуялъе жидеца кьучI тIамурал Заремаги Басирги данделъана жеги Москваялъул Щукминил училищеялда цIалулаго. ЦIали лъугIун хадур, 35 соналъ цере гьел рачIана МахIачхъалаялде. МухIамадовал театралда хIалтIуларо, гьез гьенир ролал хIаларо, гьез унго-унгояб хъулухъ гьабула театралъе. Гьезие театр – ккола гIумруги дунялги.

Актеразул байкаби – гьебги ккола хасаб гара-чIвариялъулаб жанр…

ЛъарагIазул театралъул тIохикьехун бугеб, актерал къачIалеб рокъор гIодор чIун хабар кIалалда рукIана. Актеразул наслуялъул членаз бицунеб букIана гастролазда ругеб заманаялда лъугьа-бахъаралъул хIакъалъулъ.

Хабар жибго жиндасаго бачIана кIвар бугел темабазде. Зарема ГIабдулманаповнаялъ рагIи жиндирго тамахал квераз ккуна ва байбихьана жинца цо чанго нухалда театралъул хIакъалъулъ бицанилан. Жиндир хабаралъул магIнаги театралда чанго гIел цадахъ хIалтIулеб букIиналъул хIакъалъулъ букIинила.

– ГIадада гурелъулха абулеб театр актеразе – гIагараб рукълъун кколин. Унго-унгояв актёраллъун рахъине ккванани театралда жанир гьаризеги ккола, ай гьел рукIине ккола театралияб свериялда гьоркьор, – илан абуна гьимулаго Заремаца ва тIадеги жубана. – Басирилги дирги буго лъабго лъимер – кIудияв вас Насир, яс Юлдуз ва гьитIинав Эльдар.

Актеразул хъизаналда гIурал лъималазда кинабго лъала театралъул хIакъалъулъ ва гьеб профессияги бичIчIула. Гьез гIемер гьарула жалго гIадиназулгун ригьналги, гьезулги






гIола лъимал. Лъимал тезе бакI гьечIеб мехалда гьел цадахъ рачине ккола репитициязде ва гьединан гIола актеразул наслаби.

– Нижер театралъул актералги, гIемерал цогидалго гIадин жалго жиделъго рукIуна. Нижецаги лъимал гIемер рачине кколаан цадахъ репитицияздеги спектаклляздеги, хIатта гастролаздегицин. Гьелги кулисаялда нахъа гIунин абизеги бегьила. Гьел сценаялда ругьунлъани цохIо рилъине гурелги гаргадизеги, кечI ахIизеги, кьурдизеги, - ян абуна Зарема ГIабдулманаповналъ.

Жийго гьей актеразул хъизаналда гIечIо, амма гьитIингоялдаса бокьулаан сцена, гIахьаллъулаан художественниял коллективазда ва бигьаго кьуна экзамен «Щукалде»…

– Дида ракIалда буго тIоцебесеб нухалъ театралда кулисаялда нахъа артистал, пьесаялъул персонажал гурел, жалго рихьараб ва гIадамаллъун гьел лъараб къо. Гьениб букIана, ясли-ахги, школаги жаниб бугеб кIудияб рокъое ккараб гIадинаб асар… Гьеб мехалдаго бичIчIана дида: бокьараб театр – гьеб театр – рукъ ва театр – гIумру букIин, - илан абуна Зaремаца.

Зарема ва Басир МухIамадовазул лъималин абуни сценаялде рахъана жеги ургьирго рукIаго. Кинха гьединаб мехалда профессиялъул рухI лъечIогоги букIинеб ва гьеб бокьичIогоги кин хутIилеб?!

Яс Юлдуз актрисалъун яхъун гьечIо. Амма кIиявго васас босун буго эбелинсул ирс. КIудияв Насир вахъана машгьурав артист – шоуменлъун. Гьесул гьаракь гьанже рагIула гIерал рекламабазул роликазда, телевидениялъул централиялги бакIалъулалги каналазда.

ГьитIинав Эльдарица абуна жив актерлъиялъе вижарав чи вугилан. «Дун ккола кулисаялда нахъа гIураб лъимер!» - илан абуна гьес ва божулев вуго жиндир рес букIинчIила батIияб нухдасан инейилан.

Эльдарица лъугIизабуна ДГУялъул Культураялъул факультеталъул Актеразул отделение ва сценаялде вахъана эбел-эменгун цадахъ. Гьенибго батана гьесда ригьнал къисматги, лъана гьайбатай актриса Джамиля. «ХIалтIудаса тIечIого», ай сценаялдаса камичIого гьелъ артистазул наслуялъе, жиндир якьадалъго гIадин, гьабуна лъабго лъимер. Джамиляца бицухъе гьезул лъималазги бихьизабулеб буго актеразулаб бажари, гьел цере рахъунел руго ясли-ахакь ва школалда тIоритIулел тадбиразда.

Гьанже гIолохъанал МухIамадовазеги, чIахIиязего гIадин щолеб буго машгьурлъиги, ралагьаразул хIурматги гIаммаб рокьиги.

Хъизаналъул бетIер Басир Насировичин абуни гьеб профессиялде вачIун вуго гIемерго кватIун. ЗахIматалъул гIумру гьес байбихьун буго Бабаюрт районалъул Хасанай росулъ трактористасул хIалтIиялдасан. Гьеб заманаялдаго гIахьаллъулев вукIун вуго росдал культураялъул рокъоб жалго ругьунлъарал артистазул театралиял цересахъиназда. Доб мехалда гьесда ракIалдаги букIун гьечIо профессионалияв актерлъун вахъинилан. Хадув, армиялдаса вуссиндал хIалтIун вуго завклублъун. РикIкIадаб 1977 соналъ циндаго ракIалде ккун буго театралияб училищеялде лъугьине хIалбихьизе.

Живго актерас бицухъе, гьеб заманаялде гьесда саламатго бичIчIун буго гIумру ва хIаракат бахъун буго «багъарараб поездалъул ахирисеб вагоналде вахине».

Ниж хабаралда рукIаго гIисинал МухIамадовал гримерниялдаса къватIире ана, къваригIел бугиланги абун. Заремацаги Басирицаги дир суалазе жавабал гьираялда кьуна.

**– Театралияб училищеги лъугIун театралда хIалтIизе лъугьиндал ракI бухIулеб букIинчIищ гьеб хIалтIи тIаса бищиялдаса? Щайгурелъул творчествоялда бараб ишалда жахIдаги хIусудги камуларилан абула.**

– ЖахIда ва ракIквешлъи камураб бакI гIумруялда кинабгIаги ишалъулъ букIунеб батиларо. Актерал киназдаго цере рукIунелъул гьедин цIикIкIун бихьулебги батила. Амма дица дуе ракI




рагьун абила, - Заремаеги диеги битIккана, нижехъа бажарана, актеразул захIматаб къисматалда дандчIвалел, киналго квекIеналги къезарун, нижерго хъизан цIунизе, - ян абуна Басир Насировичас.

**– Актеразул кIудияб хъизан рокъобги, хIалтIудаги, хIалхьиялдаги цадахъ бугеб мехалда кин букIунеб?**

– Заремадаги дидаги лъикI бичIчIулаан лъабго актер цо хъизаналдаги ва гьел лъабалго цого сценаялдаги рукIин – захIматаб жо кколеблъи. Гьединлъидал балансалъе йикIинилан васасеги ячана актриса, - илан велъана Басир.

Дица гьеседа гьикъана хIалтIуда хурхун рокъоб къец, дагIба-рагIи гьечIого хутIулищин, хъизаналъул бетIер ва сценаялъул мэр хIисабалда тарбия кин кьолебин абун. Гьес жаваб кьуна жидер васги нусги ругила жидедаго кинабго лъикI бичIчIулел чагIи, гьединлъидал гьезда малъаризе жив лъугьунарила.

– Дида лъала, киналго цогидал творчествоялъулал гIадамалго гIадин, актералги гIунгутIабазул рагIизе бокьуларел ва барщарулел гIадамал рукIин. Гьелъ нижеца рокъоб хIалтIуда хурхараб хабар рес къотIун гурони гьабуларо, гьединго хIалтIуда рукъалъул ишазулги, - ян абуна Заремацаги.

**– ГIолохъанал актерал чIахIияздаса кин ратIа гьаризе кIолел?**

– БатIалъи кIудияб буго! Нижее тарбия щвараб заман букIана батIияб, доб мехалда гIумруялде балагьиги жакъа гIадинаб букIинчIо. Хадуб бачIана чIвара-хьараб заман, биххана улка, хвана гIадлу. Цо-цоял къуркьана ва сценаги тун нахъе ана ва гIумруялдаса ратIалъана, цогидал сценаялдаго хутIана, - ян бицана Зарема МухIамадовалъ

– Гьанжесеб театралъул актеразда лъачIо советияб араб. **Гьединлъидал** пикруги балагьиги гьезул нижералда релъунаро. Амма цереселги гьанжеселги актерал цолъизарулеб ишлъун буго театралде рокьи, - ян абуна Басир МухIамадовас.

**– Гьанже захIматаб заманги бугелъул, гIемераб гIарацги щоларел театралъул артистаз бетIербахъи кин гьабулеб абураб унтараб суалги кьуна дица.**

– Провинциязулал театразул артистазул харж киданиги букIичIо лъикIаб. Мисалалъе, гIумру театралъе кьурав, мустахIикъав артистасул харж цо чанго гъурущалъ цIикIкIараб букIуна жакъа училищеги лъугIизабун вачIарав гIолиласулалдаса. Нижер чара гьечIо тIаде щиб букIаниги гьабичIого рукIине. Цояз бертабалъ тамадалъи гьабула, цогидаз ГIазулдадал ва Снегурочкабазул ёлкабазда сверухъ ролал хIала, руго корпоративазда кечI ахIулелги… - илан абуна Зарема ГIабдулманаповнаялъ.

**- Гьедин иш бугеб мехалда щайха гIадамаз гьеб профессия балагьулеб, абун цIидасан гьикъана дица ва рослъади лъикI ургъана.**

– Цо-цоязе къваригIунеб батила жалго рихьизаризе: «Гьале, дун гьадинав берцинав вуго, дир хIакъалъулъ киназдаго лъазе ккола…» ян ракIалде кколелги рукIунел ратила. ГIемерисел актрисал – руччабаца гьаниб жидерго гIамалкIодолъи бихьизабула ва гьединаз театралъе гIемераб заралги гьабула… РукIуна гьеб пиша берцин бихьарал ва тIуранго кIотинарун хутIаралги. Гьай-гьай гьединал дагьал руго, амма камуларо, - ян абуна хъизаналъул бетIерас.

«Цоги руго актераллъун хIалтIизе гIадамазе бицине жо букIун унелги… ГIадамазеги гьеб къваригIуна! Гьеле гьел ккола унго-унгоял артисталги», - ян абуна Заремаца.

Унго-унгоги нилъеда цIакъ дагьаб гурони лъаларо искусствоялъул кIалгIабахъ дагьабго харжалъухъ, захIматго гIумру гьабун, кинабго гIарцудалъун борцунеб гьанжесеб капитализмаялъул шартIазда, хIалтIулел гIадамазул хIакъалъулъ. Дагьал гьечIо МухIамадовазул хъизанго гIадин, искусствоялде рокьиги свинчIого, жидерго мурадалъул хIисабги гьабичIого, гIадамазе хIалтIулел.

**– Щивав актерасул букIуна жибги хIан машгьуравлъун лъугьараб роль. Нужер букIанищ гьединаб роль?**

– Гвангъарал ролал гIемерал рукIана. Нижее аслиял ролал кидаго щолаан. Ниж театралде рачIиндал гьенир гIолохъанал актерал цIакъго дагьал рукIана. Нижер режиссеразухъа бажарула абизегIан кутакаб гуреб асаралъулги лъикIаб хIасил гьабизе. 35 соналда жанир ниж ролал щвечIого хутIичIо.

**– Творчествоялъул бергьенлъи сундулъ нужеда бихьулеб?**

– Гьунаралъ бергьенлъиялъулъ ккола 50 процент, гьелде тIаде 35 процент хIаракаталъулги ва I5 процент битIккеялъулъги хIажалъула. ВукIине бегьула цIакъго лъикIав актерги, амма жиндир театр ва жиндие рекъарав режиссерги ватичIони гьев цеве тIоларо. Нижее гьенибги битI ккана.

**– Аби буго актерал гьечIел жалазда божулел чагIи рукIунин. Нужеца гьедин инкар гьабунищ цониги ролалдаса?**

– Киданиги гьабичIо. Театралда гьеб буго гIадаллъи. Ролалдаса инкар гьаби – гьеб рикIкIуна чIухIи бихьизабилъун. Буго цо гIаламат, кинаб букIаниги гьитIинаб ролалдасаниги инкар гьабуни, битIккеялъ мугъ сверула.

**– Роль нужее данде кколареблъун букIин лъалеб бугони?**

– Гьеб мехалдаги бегьуларо. Актерасул бажари гьелъулъ лъидалха загьирлъизеги загьирлъулеб. Гьесухъа бажаризе ккола батIияб чиясул образалде гъорлъе лъугьине, гьединавлъун хIазе. Бищунго гьитIинабги роль хIазе бегьула гвангъун ва ракIалда хутIуледухъ.

**– Гьанже гIадамал театразде кин цIазе бегьулел – классикаялъищ яги нилъер заманаялъул драматургиялъищ?**

– Гьанже гIадамал руго гIемераб лъалел ва бичIчIулел. Гьединлъидал гьезул тIалабалги цIикIкIарал руго. Руго жидеда актераздаса лъикI хIазеги, режиссерасдаса лъикI лъезеги бажарилилан ракIалде кколелгицин. Амма руго гьединго цониги спектакль гьоркьоб биччаларел, унго-унгоги театр бокьулел, гьелъул гIолелги гIоларелги рахъал рихьулел гIадамалги. ЦохIо яги чанго спектаклялда унел дагьал гурони рукIунаро. Амма лъикI лъураб ва махщалида хIалеб спектаклялде чанцIулго рачIуна. БатIалъиги гьечIо гьеб классика букIаниги, нилъер заманаялъул трагедия ялъуни камедия батаниги. «Дие мун йокьула» абурал рагIаби загьир гьаризе бегьула хIайрангоги, рокьукъгоги, махсаро хIисабалдаги. Гьеб загьир гьабиялъулъ букIуна ролалъулги спектаклялъулги магIнагун берцинлъиги.

**- ТIолгороссиялъул Театралъул Соналъ Дагъистаналъул актеразе щиб кьураб?**

– Исана гIемерал рукIана театралиял кIвар бугел лъугьа-бахъинал: фестивалал, конкурсал. Рес букIана Россиялдасаги ва къватIисел улкабаздасаги актералгун дандчIвазе, хIалбихьи гIахьал гьабизе. Дагъистаналдаса артистазе халкъазда гьоркьосел театралиял форумазда щвана шапакъаталгун машгьурлъи.

Театралъул Сон нахъа таниги, жибго театр букIина ва гьеб цебетIела МухIамадовазул театралъулаб наслуго гIадин.

**Виолетта РАТЕНКОВА**

# ДЕРЕЦ – КЪУВАТАЛЪУЛ ВА ХIЕРЕНЛЪИЯЛЪУЛ ГIАЛАМАТ



Тумазул мацIалда дерецалда дараччи абула. Гьеб буго ихдал тIоцебе баккулеб – тIабигIаталъул къуватги, хIеренлъиги, берцинлъиги цадахъ жиндилъ бихьулеб гIаламат. Жеги квачан букIаго, цIорораб ракьулъа баккулеб гьелъ бихьизабула ихалъ хасалида тIад бергьенлъи босулеб букIин, цIияб гIумруялде тIабигIат бачIунеб бугеблъи. Гьединаб цIаргун, гьале къого соналъ Дагъистаналда хIалтIулеб буго гурхIел-рахIмуялъулаб фонд ва гьеб фондалъул хIакъалъулъ жакъа гьаниб бицунеб буго гьелъул нухмалъулей Гульшан Хасаевалъ.

Жеги 1999 соналъ машгъурай жамгIияй хIаракатчIужу Мариям Ильясовалъ рагьун букIана тумазул руччабазул клуб «Дараччи». Мурадги букIана гIагараб мацIги, культураги, гIадаталги цIуниялъе квербакъизе. Клубалда данделъана ишалъулал ва машгъурал, ишалъе кумек гьабизе ресги бажариги, лъай-хъвайги, хIалбихьиги, къадруги бугел руччаби. Рес букIана тIаде гIолел пагьму-гьунар бугел гIолилазе материалияб рахъалъ гуребги кумек гьабизе. Заманаялдаса «Дараччи» клубалъул «гIуна» гурхIел-рахIмуялъул ва лъай тIибитIизабиялъул Фонд. Гьеб Фондалъул хIалтIи гьоркьоб къотIичIо Мариям Ильясова гIумруялдаса ятIалъун хадубги. Мариям Чибиевна ракIалде щвеялъе Фондалъе кьуна гьелъул цIарги.

**– Гьеб Фондалъул хIалтIул хIасилал кинал ругел?**

– Мариям Чибиевнаялъул хIаракаталдалъун басмаялда рахъана, тумазул мацIалда, чанго лъикIал тIахьал: тумазул халкъиял маргъаби, биценал; Мирза Давыдовасул, Сугъури Увайсовасул, Салимат Къурбановалъул, Курзи Кажлаевалъул ва цогидазулги асаразул сборникал. Гьединго гьеб Фондалъул кумекалдалъун гьаруна тумазул мацIалда цIалул тIахьал. Тумазул мацIалъул азбука лъугьана киназго босулеб тIехьлъун, гьанже гьеб цIидасанги биччазе ракIалда буго.

М. Ильясовалъул кумек щвана Тумазул театралъ «Парту-Патима» абураб тарихияб спектакль лъеялъеги. Гьединго Кумухалда эхетана халкъияй багьадур Парту-Патимае, гьелъул бахIарчилъи бихьизабулеб памятник. Исана рагьана фондалъул кумекалдалъун гьеб сиялда сверухъ гьабураб аллея. Гьенир нижеца чIчIана миллаталъул машгъурал руччабазул цIарал кьурал гъутIби. Кинабго гьеб буго нижеца дагъистанаял улбул – магIарул руччабазе кьолеб баркала ва гьабулеб хIурмат бихьизабулеб гIаламат.

Фондалъул кумек щвана тумазул мацIалда бахъулеб, республикаялъул «Илчи» газеталъе. Редакциялъе ка-

бинетал къачIаялъулъги гIахьаллъи гъабуна ва гIадамазе кумек гьабун газетаги хъвана. Бухьен щулалъизабуна анкьго мацIалда (гьединго тумазул) бахъулеб «МагIарулай» журналалъулгунги.

Ниж зама-заманаялдасан данделъула, информация бакIарула, хIажатазе кумек гьабизе уна. Мисалалъе, Лак ва Карабудахкент районазда чанго цIаял ккана, гIадамал хутIана жанир чIезе бакI, ретIел квен гьечIого. Фондалъ кIвараб кумек гьабун гьезиеги. Фондалъул рахъалдасан кумек камуларо пагьму-гьунар бугел гIолилазеги, гьезие рес кьола конкурсазда ва фестивалазда гIахьаллъизе .

ЛъикIаб гIадатлъун лъугьун буго гьеб Фондалъ Новостроялда Лъимал цIуниялъул, Лъаялъул, Бергьенлъиялъул Къоязда тадбирал тIоритIиги.

**– Кумекалде хIажалъи бугезда кир ва кин нуж ратизе бегьулел?**

– Цо-цо мехалда гьединал гIадамазул гIагарлъиялда яги лъалел-хъвалезда ратула ниж. Гьариял рукIуна батIи-батIиял. Нижецаги хIаракат бахъула хIажалъи ккарал ратизеги гьезие кумекалъул квер бегьизеги.

**– Нужеца кумек гьабулел гIадамал гIицIго тумалищ рукIунел?**

– ХIакъикъаталда нижеца кумек киналго дагъистаниязе гьабула, щола лъималазул рукъзабахъе, рагъулал частазде, реабилитациялъул центразде, ветераназул пансионатазде. Гьенирин абуни тумалги цогидалги ратIа гьаризе лъугьине бегьуларо. Амма, аслияб къагIидаялда нижехъа кумек гьарулел чагIи тумал рукIуна. Гьеб бичIчIулареб жоги гуро.

**– ГIемерал чагIи ругищ Фондалда?**

– Дагьал гьечIо, амма гьез гьабулеб хIалтIиги гIураб буго. Нижеда гьорлъ руго киналго ишазул, профессиязул вакилзаби ва гьезие жамгIияб ва гурхIел-рахIмуялъулаб хIалтIи гIадатиялъун лъугьун буго. Киналго хIадурал руго жидерго хIалбихьи, лъай, бажари, рокьи гьеб ишалъе кьезе, гьебги щибниги жо жидер захIматалъухъ тIалаб гьабичIого.

Франциск Ассизкияс абухъе, гIицIго кьолаго щола гьезиеги. Щиб нилъеца нахъе толеб? Материалияб рахъалъул гуро бицунеб бугеб… БетIергьанас къабул гьабулеб ва гIадамазда ракIалда хутIулеб жо буго гIицIго нилъеца гьабураб лъикIлъи.

**– Дуца кинаб къимат кьолеб нилъер улкаялда, гьединго Дагъистаналда гурхIел-рахIмуялъулаб хIаракаталдехун бугеб бер балагьиялъе?**

– ГIадамал божуларо, амма щаялиго жалго гуккизе чIола. Лъазе ккола гурхIел-рахIмуялъулал Фондал ратIа рахъизе. Гьел руго «цокъоялъулал» волонтеразулал, кодор ящикалги ккун, кинабалиго унти сах гьабизеян абун гIадамал гуккулелги. Дида ракIалде ккола гIадамазда гьанже бичIчIизе байбихьанин божизе бегьулел кинал Фондал ругелали. Мариям Чибиевналъ хIаракат бахъана нижер клубалъул къадру тIадегIанаблъун букIинабиялъе, гьанже Фондалъги гьеб щула гьабулеб буго.

**– ГIицIго Дагъистаналдайищ нуж хIалтIулел?**

– Исана нижеца «Дараччи» Фондалъул филиал рагьана Москваялда бугеб «Дагъистан» абураб, культураялъул Централда цебеги. ХIалтIи гьабулеб буго москваялда ругел дагъистаниязулгун ва гьанжеялдего гьез гIахьаллъи гьабуна нижеца Централда тIоритIулел тадбиразулъ. Гьединго нижеца хIалтIи цIигьабуна Кумухалдаги. Унчукатлалда киналго филиалал хIалтIулел руго.

**– ГурхIел-рахIмуялъул ва материалияб кумек гIадамазе гьабиялъе Фондалъе гIарац киса щолеб?**

– Цо бутIа гIарац нижее кьола Ильясовазул хъизаналъ, гьединго руго цогидалги кумек гьабулел гIадамал. Дицаги лъола Фондалда гIарац. Киналго дараччинкаца гьабула гьениб гIахьаллъи.

**– Дурго хIакъалъулъ бицинарищ?**

– Дун гьаюна ЦIияб Лак районалъул Новочуртах росулъ. Дир эбел- эмен хIалтIулаан колхозалда, гIумру гьабулаан захIматалда рекъон, лъиениги квешлъи нижедаса букIинчIо, рокъоса гьалбал ва гIадамал камулароан. Тарбия нижее къварараб щвана ва захIматалъ лъадаризаруна. Малъана гIадамал рокьизеги. Нижер хъизаналда рукIана щуго вацги кIиго яцги. Дун ккола бищунго гьитIинай. Хадуб нижер хъизан гочана МахIачхъалаялде ва тIоцебесеб классалдасаго дун цIалана №37 школалда. Хадуй цIализе лъугьана ДГУялъул экономическияб факультеталде, дир специальность ккола дармилаб экономика. «Дараччи» - дир гIумруялъул кIвар бугеб бакIлъун ккана.

Жеги Фондалъул, гIагараб Чуртахалда бугеб филиалалъеги нухмалъи гьабула дица. Гьениб хIалтIи аслияб къагIидаялда буссинабун буго росу къачIаялде ва цIигьабиялде.

**– Дурго гIумру кин ккараб?**

– ГIезегIанго лъикI! Дир рос вуго тохтур. Ункъоял лъималазул лъабалгоги руго тохтурал ва цо яс экономист ккола. Дир лъималазулги руго кIигоял лъимал ва дун яхъана кIодоэбеллъун. Дир рос вуго хъизаналда цохIогояв вас, гьединлъидал гIумру гьабун гьесул эбел-эменгун ракълилаб къагIидаялда руго.

**– Дур хIисабалда Дагъистаналъул чIужугIадан кинай йикIине кколей?**

– Дирго гIумруялъул хIалбихьиялда рекъон ургъун йихьани гьей йикIине ккола эбеллъун ва лъадилъун. ЧIужугIаданалъе бищунго хIажатаб жо буго хъизан! Хъизаналда рекъелги парахалъиги цIунизе кIвани гьелдаса кIудияб талихIги чIужугIаданалъул букIунаро.

**Виолетта РАТЕНКОВА**





Гъазимухiамад ГЪАЛБАЦIОВ

# Лъабго тIегь

Дун духъе вачIунаго, майданалда бижараб цо гьитIинаб тIогьоца дида гьарана:

– Дун тIе! Дун хьул буго! Дун тIе.

Дица гьеб тIуна. Дида ракIалде ккана гьеб хьул дуе кьуни дур гIумру бигьалъилилан.

– Дунги тIе! Дун анищ буго! Дунги тIе, – илан гьардана цойги тIегь, гьебго майданалда.

Дица гьебги нахъе тIуна. Дида ракIалде ккана дуе анищ сайгъат гьабизе.

Дуда аскIове гIагарлъулаго цойгиги тIегьалъ дида гьарана:

– Дунги тIе! Дун рокьи буго! Дунги тIе.

Дица гьебги тIуна. Дие цIакъ бокьун буго гьеб тIегь дуе рекIее гIезе.

Лъабабго тIегьги гIетIуца биччараб хъатикь ккун, дун духъе щвана. Лъабабго тIегь нечоца холаго духъе бегьана. Мун гьимана. Дуца гьел недегьго дихъа росана ва лъелъе риччана. Амма циндаго сверухълъи хисана. Дунги мунги тIаде ралагьун цо тIегь бекана.

Дун кьурун тIад вуссун майданалде векерана. Дие бокьун букIана бекараб тIегь хисизе, цойгидаб тIегь тIезе. Дун майданалде щвейгун тIугьдул ахIдана:

– Дун тIе! Дун хьул буго!

– Дун тIе! Дун анищ буго!

– Дун тIе! Дун рокьи буго!

Амма мун, майданалъул рагIалда дихъги ялагьун, юцIун чIун йикIана. Дун вукIана майдан сверулев.

Дун гьанжеги вуго майдан сверулев. Дида лъалеб гьечIо бекараб тIегь хисизе кинаб тIелебали, лъалеб гьечIо доб лъабабго тIогьол кинаб бекарабали: хьулищ? анищищ? рокьийищ?

* * *

Дида макьилъ йихьана мун. ГIодобе бетIерги кьулун чIун йигоан. Бадиб хулун магIуги бугоан. Дуда цебе бегун гамачIги бугоан, ганчIида тIад дуцаго лъураб жеги бакъвачIеб тIегьги бугоан.

– Мун щай пашманго йигей? – илан гьикъулеб бугоан дица дуда макьилъ.

– Дун заниялда цее кидаго пашман йикIуна...

– Гьаб зани гуро, гьаб гамачI буго, – ян абулеб бугоан дица.

– Гьаб кида бугониги занилъун бахъун чIезе буго...

– Лъил занилъун?

– Лъаларо дида, – ян жаваб кьолеб бугоан дуца.

Дун, гIажаиблъи гьабун, ганчIихъ валагьулев вугоан. ГанчIида бикIун хъван бугоан дир цIар.

Дида гьеб макьу киданиги кIочон толаро...

Жакъа радал тIаде вахъингун ракIалде щвана гьеб макьу. Дун божулев вукIинчIо мун дир заниялда кьулун йихьиялда. Дун векерана гьеб букIараб бакIалде. Гьений хIакъикъаталдаги мун ятана гIодобе бетIерги кьулун. Дуда цебе бегун бугоан нолъ дида макьилъ бихьараб гамачI. ГанчIида тIад лъун бугоан жегиги бакъвачIеб тIегь.

– Мун щай пашманго йигей?

– Дун заниялда цее кидаго пашманго йикIуна...

– Гьаб зани гуро, гьаб гамачI буго, – ян абуна, гIажаибго, макьу битIун ккеялдаса воххарав дица.

О том, что такое предательство и обман, вы узнаете, как только год вступит в свою силу. И хотя Козероги не те, кто унывает перед трудностями, эта ситуация на какое-то время выбьет вас из комфортного состояния. Вам потребуется совершенно новый опыт, поэтому лучшее, что Козероги могут сделать в ответ на невезуху, – это пойти учиться. Новые знания вытащат их на иное понимание ситуации. Но есть и хорошие новости: в личной жизни будет полный ажур, – взаимная любовь, нежность, сильные чувства. В общем, 2020 год вы точно не забудете. Ярких впечатлений вам хватит с головой.



## ВОДОЛЕЙ
**(с 21 января по 19 февраля)**

Если на престол взошла Крыса, то о покое Водолеям можно забыть. Небесная покровительница года будет ставить перед этом знаком зодиака постоянные препятствия, которые он будет воспринимать как еще одну проверку прочности. Возможны и конфликты с коллегами, и финансовые трудности, но у вас как-то элегантно и красиво получится выйти из них. Во второй половине года вы сможете сделать удачное приобретение, которое в будущем окупится втройне, даже если сейчас кажется, что все это глупость. И держитесь подальше от любых азартных развлечений. Вы не сможете вовремя остановиться.



## РЫБА
**(с 20 февраля по 20 марта)**

Если у вас есть тайная мечта, реализацию которой вы откладывали до каких-то лучших времен, знайте: это время пришло. Крыса – животное рисковое, любящее авантюрных и хватких, и если вы готовы пожертвовать комфортом и приложить усилия ради "сбычи" своего заветного желания, вы будете поражены эффектом. Это все равно, что сорвать джекпот. Причем речь не только о финансах, это может быть и старое увлечение, и новая, диковинная страна, да хоть танцы на пилоне. Сильная энергия будет там, где ваши мысли, поэтому не предавайте себя, а смело шагайте в направлении к той самой цели. Но не забывайте о ее экологичности. Никто не должен быть обижен или обозлен на вас, пока вы будете двигаться к нужному горизонту. И на всякий случай все-таки сделайте заначку.

# Ёжик и Медвежонок



С утра падал снег. Медвежонок сидел на опушке леса на пеньке, задрав голову, и считал и слизывал упавшие на нос снежинки.

Снежинки падали сладкие, пушистые и, прежде чем опуститься совсем, привставали на цыпочки. Ах, как это было весело!

– Седьмая, – прошептал Медвежонок и, полюбовавшись всласть, облизал нос.

Но снежинки были заколдованные: они не таяли и продолжали оставаться пушистыми и у Медвежонка в животе.

– Ах, здравствуйте, голубушка! – сказали шесть снежинок своей подруге, когда она очутилась рядом с ними. – В лесу так же безветренно? Медвежонок по–прежнему сидит на пеньке? Ах, какой смешной Медвежонок.

Медвежонок слышал, что кто–то в животе у него разговаривает, но не обращал внимания.

А снег всё падал и падал. Снежинки всё чаще опускались Медвежонку на нос, приседали и, улыбаясь, говорили:

– Здравствуй, Медвежонок!

– Очень приятно, – говорил Медвежонок. – Вы – шестьдесят восьмая.

И облизывался.

К вечеру он съел триста снежинок, и ему стало так холодно, что он едва добрался до берлоги и сразу уснул. И ему приснилось, что он – пушистая, мягкая снежинка... И что он опустился на нос какому-то Медвежонку и сказал: «Здравствуй, Медвежонок!», а в ответ услышал: «Очень приятно, Вы – триста двадцатая...» Пам-па-ра-пам! – заиграла музыка. И Медвежонок закружился в сладком, волшебном танце, и триста снежинок закружились вместе с ним. Они мелькали впереди, сзади, сбоку и, когда он уставал, подхватывали его, и он кружился, кружился, кружился...

Всю зиму Медвежонок болел. Нос у него был сухой и горячий, а в животе плясали снежинки. И только весной, когда по всему лесу зазвенела капель и прилетели птицы, он открыл глаза и увидел на табуретке Ёжика. Ёжик улыбался и шевелил иголками.

– Что ты здесь делаешь? – спросил Медвежонок.

– Жду, когда ты выздоровеешь, – ответил Ёжик.

– Долго?

– Всю зиму. Я, как узнал, что ты объелся снегом, сразу перетащил все свои припасы к тебе...

– И всю зиму ты сидел возле меня на табуретке?

– Да, я поил тебя еловым отваром и прикладывал к животу сушёную травку...

– Не помню, – сказал Медвежонок.

– Ещё бы! – вздохнул Ёжик. – Ты всю зиму говорил, что ты – снежинка. Я так боялся, что ты растаешь к весне...

С. Козлов



# Цахур

Цахурал руго гІодоса тІадего Кавказалъул халкъазда гьоркьоб батараб миллат. ГІемерисел гьел гІумру гьабун руго Дагъистаналда ва Азербайджаналда. Официалиял баяназда рекъон дунялалда 30 азаргогІан цахурав вугилан рикІкІуна, официалиял гурел баяназда рекъон гьел 50 азаргоялдаса І00 азаргоялде щвезегІан ругилан абула.

Цахуразул умумул - албаниял (агъванал) руго Кавказалъул Албания пачалихъалда гъорлъ рукІарал чагІи. Гьеб пачалихъ биххун хадуб, Цахур росу букІана Лакз ханлъиялъул тахнагьарлъун ва VI – XVI гІасрабазда Цахур ханлъиялъул тахшагьарлъун. XVI гІасруялъул ахиралда гьеб сверана Цахуразул султаналде.

Нилъер заманаялъ цахуразул тарихиябгун маданияб центрлъун буго, Самур гІурул байбихьуда бугеб, Рутул районалде гъорлъе унел росабазулъ бищунго некІсияб - Цахур росу.

Цебе гьеб росдал букІараб цебетІеялъулги, тарихалъулги, маданияталъулги бицуна нахъе хутІарал чІвадназ: ракьулъан бахъараб канализациялъ (рукъзабазул ва цІадал лълъел), лълъел рогІраз, гІаммал хІамаммазул хутІелаз, хъалаялъусан караванал унеб нухде ракьулъан рахъарал нухаз.

НекІо заманаялъ, цогидалги Дагъистаналъул халкъазда гьоркьобго гІадин, цахуразда гьоркьобги зороастризм дин тІибитІун букІана, хадуб – христиан динги. Гьоркьохъел гІасрабаз Кавказалда ислам тІибитІизабулеб центрлъунги лъугьун букІана Цахур.

Цахуралда буго, Кавказалда тІоцебе І075 соналъ рагьараб, университеталъул къагІидаялъ гІуцІцІараб, бищунго машгьураб некІсияб мадраса. Европаялда бищунго цебесеблъун рикІкІунеб цІар рагІараб Болоналъул университеталдаса І3 соналъ цебе рагьана гьеб. Гьединлъидал, Цахуралда бугеб мадраса рикІкІине бегьула Европаялдаго тІоцебесеб тІадегІанаб цІалул заведениелъун.

Гьенир тІоцересел мударисаллъун хІалтІилел рукІана Шамалда ва ГІиракъалда цІаларал мугІалимзаби. Дагъистаналъул киналго мухъаздасан рачІунаан гьенире мутагІилзаби лъаялда хадур. ГІемерал цІаларал чагІи кьуна гьеб мадрасаялъ Дагъистаналъе. Лъайкьей гуребги, кверsuccessful хъварал тІахьал цойги нухалъ хъван копиялги гьарулаан гьениб. ГІемерисел гьел тІахьал доб заманаялъго гІарабалдаса цахур ва цигидал дагъистаналъул халкъазул мацІаздеги руссинарун рукІана.

Кавказалъул рагъул заманаялъ гІемерисел цахуразул росаби рухІун тІагІинарун рукІана. Нахъе хутІарал гІадамал хІал гьабун гІатІиракьалде гочинаруна. Жал ругьунаб гуреб багІариялъ ва бакъул унтиялъ гьел цІияб бакІалда бащдаздасаги цІикІкІун хвана. ЧІаго хутІарал анцІго соналдасан дагь-дагьккун жидерго ватІаналде тІадруссана.

Цахураз жакъа къоялде щвезегІанги цІунун буго жидерго халкъалъе хасиятаб рукІа-рахъин ва маданият. Руго цахуразул жидерго кванил нигІматалги. ЦІакъ тІеренго гирараб хамур, ункъбокІонал кесказдеги къотІун, белъараб гьанадаги картошкаялдаги тІадги лъун, І5-20 минуталъ хІохьлатІа релъинеги гьарун, сверун кинабго хъизанги бакІарун, лъола столалда тІад… Ммм… чехь унтарай цахуразул бикацаги кунеб гІадаб нигІмат букІуна гьеб. Болахерилан абурал гьел цахуразул хинкІал квинчІев чи ватани, хехго нужецаги гІамал гьабе.

**Гульнара АСАДУЛАЕВА**



# Берцинлъи гIуцIизе



**Гьелъ гьайбатлъияъул къимат гьабула ва гIуцIула тIадегIанаб ахIвал-хIал. Шавкъ бижизабизе, бокьизе, гIуцIизе, берцинлъи сверухъ лъугьинабизе – гьеб кинабго буго гьелъул гIумрудул масъала. Интерьеральул магIнаялъул, рекъеялъул ва дагьабго гIумрудул берцинлъиялъулги бицунеб буго дизайнер Халиса Манафовалъ.**

– Интерьеральул дизайнерлъун дун хIалтIулей йиго анкьго соналъ. Гьеб заманаялда жаниб дица гIуцIана ва гIумруялде бахъинабуна лъабго проект. Дица гьабула компьютеральулаб дизайн, нижер клиентазда бичIчIулеб 3-D графикалда. Кверальъ макетал гьаризе гIезегIанго бигьа букIуна, амма нижер заказчиказда щаялиго гьединаб формат бичIчIуларо.

**– Кин мун дизайнерлъун лъугьараяли бице…**

– Дие гьитIингоялдаса бокьулаан суратал рахъизе. Бицатаб кагъат къотIун ясикIаби гьарулаан, гьезие ретIел букъулаан ва скобаз гьеб гьезда тIад рекъезабулаан. Хадуб дица сурат бахъулаан мебелалъул ва къотI-къотIун гьеб данд регъолаан, Гьедин дирго ясикIабазе къайи гIуцIулаан.

Дизайналде дун ячIана гIезегIанго хадуй. Къисматалъ жинцаго рачуна нилъ данде кколеб ишалде ва рес кьола церетIезе. Дица лъугIизабуна ДГПУялъул художествениябгун-графическияб факультет. Дипломалъул хIалтIи хъвана хьухьараб ратIлил дизайналъул хIакъалъулъ ва гьеб цIунана Вера Агошкинахъ. ЦIалун яхъиндал йикIана суратал рахъиялъул дарсал кьолей…

Школалда хIалтIулелъул дида ракIалда ккана интерьералъул дизайнерлъи гьабизе лъикIаб букIинаанилан. ЦIализе лъугьана дизайналъул школалде ва хIалтIизе бакI бигьаго щвана ралел бакIазе къайи бичулеб тукада. Гьениб дие кIудияб хIалбихьиги щвана. Дица дизайн гIуцIулаан гIицIго жаниб гIумру гьабулел бакIазул гуребги, ваннаялъул, богорукъалъул, жанире лъугьунеб бакIалъул, жанахIалъул ва хIатта азбаралъулгицин.

**– Гьанже жидерго бералда божичIого дизайнеразда дандбай модалъун лъугьун буго…**

– Модаялъул суал гуро гьеб… Дизайнеразда лъала къайиялъул кьерал рекъезаризе. Гьединлъидал профессионалаз къачIараб интерьералъул батIияб рекъей ва берцинлъи букIуна.

**– Берцинлъиялъул рахъалъ дурго хасаб цебечIей бугищ?**

– Берцинлъиялъе баян кьезе захIмалъила. Щивасул букIине бегьула хасаб баян. Дир пикруялда берцинлъи ккола хIайранлъизари ва хIалхьей.

**– Рокъоб берцинлъи ва квегIенлъи лъугьинабизе къваригIарай чIужугIаданалда щиб лъазе кколеб?**

– КIвар буго рекъараб къагIида цIуниялъулъ ва данде кколеб кьералъул ххамалги декорги бищизе лъаялъулъ. Гьелъ лъугьинабула хаслъиги рекъейги, рокъоб букIуна хинаб ва квегIенаб ахIвал-хIалги.

Гьанже къагIидалъун лъугьун буго батIи-батIиял кьерал рекъезари, мирухъ рекIинарурал плафонал, къадазда меседил кьералъул карнизал кколаан гьез. Къваридал секциябазда ва гIисинал рукъзабахъ гьеб кинабго рекъон кколароан ва гьелъ берцинлъиги кьолароан…

**– Дизайнеразда дандчIвалел захIмалъаби кинал рукIунел?**

– Дагъистаналда бищунго захIматаблъун буго махщел цIикIкIарал устарзаби рати. Лъабго метраялъул графика сураталда бахъизе амма… Дагьалъ тана гьеб гьабизе. Бальго гьабун бицун тела, дагьалъ цее дун ригьнаде ана ва гьелде хIадурлъулаго лъикIго сваканги йиго.

**– Щивха дуца тIаса вищарав гIумрудул гьудуллъун?**

– Дица тIаса вищарав чиясул творчествоялъулгун хурхен гьечIо, - ян гьимана Халиса. – гьев ккола Гъизляралда магIишат гIуцIарав фермер. Нижер хъизан лъугьана

# ва анищал тIуразе

салалъе, цIахIилаб багIарккарабгун. Кибго берцин букIуна гIурчинаб ҳъахIилабгун, тIогьилаб гIурчинкьерабгун, цIулал кьер рекъон букIуна хъахIабгун, чIегIерабгун, цIахIилабгун… Бищунго гIемер босулеб металл – марша (латунь).

Кинаб букIаниги кьералда бараб рахъ тIубазабизе ккола заказ кьурав чиясул хасиятальухъги балагьун. Цоязе гьеб бокьула гвангъараб, цогидазе бецIаб. Бищунго лъикIаб кьерлъун букIуна нилъерго хаслъиги рекIел хIалги жинца бихьизабулеб ва нилъеего къабулаб.

Гьанже гIемеразда берцин рихьула ритIарал мухъал, бацIцIадаб цIул яги хирияб пластик, гвангъараб кьер, цокьерал обоял, гIатIилъи ва гьава, мебелалъул киналго жалгицин къадазда жанире ракIаризе. ГIолохъабаз бищула нео-классика, хайтек, лофт ва этника.

**– Дагъистаниязе хириял ренессанс, барокко, рококко стилал киреха арал?**

– 90 абилел соназда раккарал стилал рачIана модаялде. Циндаго бечелъарал лъугьана чIухIдаризе ва гьез хIалбихьулеб букIана жидерго рукъзабахъги квартирабаздаги Версаль рекъезабизе. Меседилал хьухьиял, меседилаб кьералъул симисалъул жагадул кьераб къатIипа, багIарал халичаби, бакIал люстрабазда свезахIматаб иш гуро, амма гьеб гьабизе киназухъаго гуро бажарулеб. ЛъикIал устарзаби Дагъистаналда гIемераб мехалъ чIоларо. ХIалбихьи щварабго гьез гьаниса ххазабула Россиялъул шагьараздe. Чанги ккана диеги махщел дагьал устарзабиги, божи гьечIел къайи чIезабулелги. Нилъер гIемерал руго юристалги экономисталги, махщел камилал хIалтIухъабийин абуни къад кан бакун ралагьаниги ратуларо. Гьединлъидал махщел гьечIелгунги хIалтIичIого гIоларо. Гьез хIалтIи халат бахъинабула ва ахиралда хвезабунги батула. Чангияз дир чертёжал китаялъул хатI гIадин цIалула, щибго бичIчIичIого, гъоркьияб тIадехун, тIасияб гъоркьехунги ккун.

Нилъер гIадамазул гIадатго гьечIо жидехъа бажарулареб жо бихьизеги ва гьелъие мукIурлъизеги. Гьел лъугьуна кинабго гьабизе, гьабулаго ругьунлъула, гьедин хвезабула ва тIадежоялъе гьелъие мукIурлъуларо ва дагIба-рагIи гьабичIогоги чIоларо. Бигьаго букIунаро гьединаб ахIвал-хIалалда хIалтIизе. Гьезда разилъун чIезеги данде ккоЛаро, мурадалде щвезе бокьани.

**– Интерьералъул дизайн гуреб батIияб мурадги анищги бугищха дур?**

– Дие бокьун букIана бертадулал залал къачIалеб агенство рагьизе, миллатал журараблъун. Дун табасаранай, рос даргияв, гьесул эбел-инсул кьалбал уна авараздe ва лъарагIазде.

**– Дурго эбел-инсул хIакъалъулъ бицинарищ?**

–Эбел гIумруялъ йикIана дармида. Эмен хIалтIулев вукIана следователлъун. ГьабсагIаталда гьев ккола отставкаялда вугев майор. Эбел-эмен МахIачхъалаялдаса Дербенталде рахъана. Гьедин нижер хъизаналда данделъана Дагъистаналъул Северги Югги. Нижер руго лъабго яц. Дун ккола гьоркьохъей.

**– Цоги суал кьезе бокьун буго: хIалтIиги гIумруги кIиябго цадахъ бачине данде кколеб гьечIони, кинаб тIаса бищилеб?**

– Гьеб захIматаб суал буго… Дие гьеб кIиябго кIвар бугеблъун ккола! КIиябго гьеб нилъер заманаяллъул чIужугIаданалъ цадахъ гьабизе ккелелъулха.

**– Художник – дизайнер хIисабалда дуда дагъистанияй чIужугIадан интерьералда кинайлъун йихьулей?**

–Дида нилъер чIужугIадан йихьула чIужуаллагьлъун! ГIемераб жо цадахъго гьабизе кIолей ва кколей, индусазул гIемеркверазулай Лакшми аллагьлъун.

**Виолетта РАТЕНКОВА**



# Дирго рогьелалъухъ ялагьун чIезе...

Дир гIагаралги божаралги ясал киналго ригьнаде руссун рукIана. Дунги йихьизе квешай йикIинчIо, хIатта бищунго квешалги гIага-божараз чIухIа-къули гьечIей ва хIалтIипишаялъе лъикIай йигиланги абулаан. Амма абизе рачIунел чагIи кколел рукIинчIо.

Инсул эбелалда гьелъие гIилла дир эбелалъулъ бихьулеб букIана:

– Маржанат лъала дагIба рагIи гIемерай гIадан хIисабалда. Гьелъ дир васасулги гIумру кьогIлъизабуна, гьанже дуеги кинабго хвезабила. Лъицаха бицинеб гIадамазда мунги эбелалда релълъарай гьечIилан. Аллагьас хьван батагиха дуда данде лъикIав вас чIвазе.

Амма къадар хьварав вас дида ватичIо, я вузалда яги дун хIалтIараб школалда.

ЛъачIого унел рукIана сонал… Мухтарие дун гьаризе лъугьиндал киназаго абулеб букIана гIодой хутIарай ясалъе гьеб кIудияб талихI бугилан. Бицунеб букIана лъадигун гьев лъимал гьарунгутIиялъ ватIалъун вугила, я гьекъолди яги саяхъдиги гьесул рагIичIилан.

Лъебералда анкьго сон барав Мухтар бечедабго магIишаталъул бетIергьанги вукIана: букIана кIудияб бизнес, гIарац, машина, лъабтIалаяб мина.

Дунги йохун йикIана: гIадада букIун гьечIо гьаб кватIи, гьанже яхъина лъадилъун ва эбеллъун, щвела анищаб мурадалде.

Ниж данделъана. Байбихьуда рос дидехун гьуинго вукIунаан, гьарулел рукIана сайгъатал, амма унго-унгояб рокьи дидехун гьесулъ бихьулеб букIинчIо ва гьеб захIмалъунги букIана. Мухтар дунгун кивениги вилъунароан, рокъовги гьев чIолароан, вачIунаан сордо бащалъун хадув. Дица гьикъаралъе жавабги согIго кьолаан ва ццидахун лъугьунаан. Байбихьуда гьес гьеб хIал гIемер лъазе толеб букIинчIо, хадубин абуни гьес дида лъазабуна:

– Анкьалъ дун рокъов гьечIониги ахIуге ва вугеб бакI лъазабуге, щиб букIаниги хIажалъани дуда лъазабила.

Рукъги чIалгIун дун лъугьана аскIобго бугеб школалда хIалтIи балагьизе. Щуйилал гIемераб дир дипломги хIалтIул анлъго соналъул хIалбихьи букIинги бихьун завучалъ абуна: моцIидаса жидер филолог лъимер гьабизе, хIалтIудаса гIодой чIезе кколила ва дунги хIалтIизе ячIине бегьилила.

Рокъове вуссиндал, росасда бицана гьеб хабар, амма Мухтар лъугьана ццидахун ва ахIдезе лъугьана хIалтIиишалъул хабарго бицине ракIалде ккогеян.

- РекIелгъеялъе дир яцалъухъе а. Тамила гьанже лъимер гьабизе рокъой чIун йиго, гьелда цадахъ йикIа ва гьейгун тира-свере.

Дица эбелалде гIарзал рахъана Мухтарил хьачIлъиялъул, амма гьелъги гьесул рахъ ккуна.

- Ццулъулей йигин ккола дида мун, БичасдасагIаги хIинкъа. Сундуе дуе хIалтIи? Росас къирал гIадин хьезаюнги йигин.

Росасул яцалъулгун гьудуллъи кквеялъулги жо ккечIо, лъугьинчIо нижер хIал рекъейги, цадахъ тира-свериги. Кидал щваниги Тамилаца дун жиндирго гьитIичида аскIой толаан, рукъ бакIари ва цогидабги ишги тIадкъан…

Унеб букIана заман, амма росасулгун гьуинлъи лъугьунеб букIинчIо. БукIинчIо нижеда гьоркьоб рокьиги,

хӀатта хӀурматгицин. Амма дида кколаан лъимер гьабидал гьеб кинабго бачӀинин, кинабго хисилин.

Ана гьедин кӀиго сон, лъимер нижер кколеб букӀинчӀо. Цо коялъ дица росасда абуна руччабазул консультациялде ун лъимер ккунгутӀиялъе бугеб гӀилла лъазабизе бокьун бугин диеян. ГӀажаиблъи гьабураб жо - гьесги дун, жиндирго гьабулеб кинабгоги тун, щвезаюна жиндирго гьалмагъасул, руччабазул консультациялда хӀалтӀулей лъадухъе. Земфираца Мухтариеги диеги киналго рахъазул хал гьабизе анализазе ва УЗИязе кагътал кьуна ва хадур хабаралъе жиндихъегоги ахӀана.

– Хабар нилъеего бицинин… Лъалищ, Мухтарил сахлъиялъул гӀунгутӀи гьечӀо.

Дида ургъел чӀвана: рос сахав ватани, щайдай Заремаца берал доре гьанире сверизарулел, дихъги ялагьичӀого кӀалъалей, гьелда дир бугеб гӀунгутӀи лъалеб батизе кколаха?

– Дуда лъимер ккезеги рес гьечӀо, - ян абуна хадубго Заремаца. – Цо-цо хӀикмалъи букӀуна гӀумруялда, амма гьеб къанагӀатаб жо буго. Дур гармоназул балансалъул гӀадлу биххи ва цогидалги гӀунгутӀаби руго рихьизарулел. ГӀайиб гурищ… Дун Мухтарида гурхӀула, гьаб ригьналъги гьабизехъин гьечӀо гьесие лъимер, вахъинаро гьев эменлъун.

Дие лъимер ккезе гьечӀилан абураб жо Мухтарица гӀодов виччан къабул гьабуна ва гьеб къоялъ дидехун тамахго ва хингоги вукӀана. ТӀубараб къоялъ ракӀ-макӀ гьабуна гьес дир бугеб хӀалги бихьун. Жинца дун гьеб гӀиллаялда бан йиччазеги гьечӀила, йокьизеги йокьулилан гаргадана…

Дун гьелъги гӀажаиблъизаюна – къанагӀат гурони дие рокьул гьес бицунеб букӀинчӀо, хӀатта аскӀор ругеб мехалдаги…

Гьелдаса хадурги рукӀана дир пашманал, чӀамучӀал къоялги, моцӀалги, соналги. Мухтар, цевехунго гӀадин, рокъов къанагӀат вукӀунаан ва дун цохӀого хутӀулаан.

Цо къоялъ Мухтарица цадахъ ячун ячӀана гӀолохъанай гӀадан.

- Гьай йиго Нина. Дир фирмаялда хӀалтӀулей йикӀарай, гьанже штатги къокъ гьабун хутӀун йиго, йикӀине те рокъой, дуе кумекалъе.

Нина ятана аваданай гӀадан, дие гьелда цадахъ лъикӀги букӀана ва къокъидго гьалмагълъиги ккана. Рокъоб кинабго хӀалтӀи нижеца цадахъ гьабулеб букӀана, дир росасда гьеб лъазе гурилан хӀинкъун гьей йикӀаниги.

– Мухтар ГӀалиевич разилъиларо, - ян йикӀунаан гьей.

Дунин абуни разиго йикӀана гьанже дунго цохӀо хутӀулей гьечӀолъиялъги. РакӀалдаго гьечӀого эменги хун дун къварилъиялде ккана. КӀодоэбел хвараладаса гьев вукӀана рокъов дун йичӀчӀулев ва дихъ гӀенеккулев чи. Гьесул ками дие кутакалда захӀмалъана…

Гьединаб хӀал дир бихьидал, рос разилъана школалда сагӀталги росун дун хӀалтӀизе, дагьаб ракӀ пирхизе, къварилъи кӀочене букӀинилан. Дидаги лъикӀ бихьана Мухтарица бицунеб жо ва разилъана гьес малъухъе гьабизе. Унго-унгоги, школалда хӀалтӀиялъ, лъималгун ва гӀадамалгун йикӀиналъ кӀудияб кумекги гьабуна ургъел бикьизе.

Мухтарилгун гьоркьоблъийин абуни цебего гӀадинаб букӀана. ГӀиллаго гьечӀого ццидахин ва гӀайибал диде гӀунтӀизари гӀемерлъизе лъугьана. Гьанже гьесул ццин бахъиналъе дир гӀунун йикӀинги, гӀенеккун чӀейгицин гӀолеб букӀана. Щибго гьечӀеб бакӀалдаги гьабизе бегьулаан гьес дагӀба, гӀодоегӀан гьайизе бегьулаан дун ва хӀатта къабизеги байбихьана.

Эбелалда ракӀ чучиялъулги, пайдаго букӀинчӀо, гьелда квешаб макьилъгицин бихьулароан ниж ратӀалъи.

- Баркала лъаларей йиго мун, - ян ягъулаан гьей, - кинан гьес дур эмен тӀовитӀаравали кӀочон тезе бегьилищ, цогидаб жоялъул бицинчӀониги. Нилъехъ хъатӀикь – кодоб копеек букӀинчӀо гьеб мехалда…

- Гьес дун хӀакъир гьаюлей йигоха, эбел. ВачӀунев гьечӀо рокъове, анкьазги тӀагӀунев вуго. Къабуллъулеб гьечӀо дир барщариги, гӀуниги, гӀенеккиги. Кинха гьеб кинабго хӀехьелеб?

- Киналго бихьинал зама-заманаялдаса гьедин рукӀуна…

- Эмен вукӀинчӀогуриха гьединав, - абун абуна дица эбелалда…

- Досул ихтиярги букӀинчӀо гьединавлъун вукӀине. ГӀумруялъ кепкал рикӀкӀуней йикӀана дун, дуца гӀадин бриллиантал хисулароан. Баркалаян абе Мухтарида лъималги гьаруларей дуда цадахъ гӀумру гьабуралъухъ. Эбелалъул дидехунго гурхӀел бижизабун бажаричӀо, тӀокӀаб ургъел бикьизе чиги вукӀинчӀо. Дун квешаб ургъаликье ккана. Дагьабго бигьалъи гьабулаан школалъ, гьедин хутӀана тӀуянго гӀодой ккечӀого.

* * *

Цо пуланаб къоялъ дихье ахӀун бачӀана цо гӀаданалъ. Гьаркьидаса лъачӀо, амма гьей дида цӀар абун кӀалъана.

– Мухтарил лъади Фатима гурищ мун?

- У, - ян абуна хӀинкъун дица. – Щиб ккараб жо?

– ХӀинкъуге, дур рос гӀадинал бегӀукъазе кидаго щибго ккеларо…

- Щай дуца гьедин абулеб Мухтарил хӀакъалъулъ?

- Гьелъие ихтияр дир букӀунха, божа. .. Дун ккола Наида, дур росасул йикӀарай лъади. Ниж ратӀалъана анцӀила анлъго соналъ церего, дир гьанже батӀияб хъизанги лъималги руго. Мухтарие къваригӀун буго дир рос жинда кьабизеги тӀамун, жиндирго лъай-хъваялъул кумекалдалъун гьев жанив лъезе. Гьес ахӀулеб буго дихье, хӀалтӀуде вачӀунев вуго. Дица росасда гьеб бицунаро, амма шагьар гьитӀинаб бугелъул, гӀадамазда бихьичӀого ва хабар тӀибитӀичӀого хутӀуларо. Дир хъизан Мухтарица биххизабуни дица гьев чӀвазе вуго. Гьедин абе гьесда…

Дун йиххун хутӀана ва Наидае кьезе жавабго лъачӀо. Гьеб сордоялъ хӀал бихьана росасулгун хабар гьабизе. Мухтарица гьенибги дагӀбаялде бачана. Абуна Наидаца жиндие гӀемераб гӀарац кьезе кколила ва гьелда хадув унила жив гьелъухъе хӀалтӀуде.

- Цоги щибха гьелъ дуе бицараб? – абун гьикъана Мухтарица, хӀинкъун.

- Абуна ригьналъ талихӀай йигила. Лъимал гьаруларей гурищ гьей?

- Гьаруларо цӀулалъгӀанги. Гьел лъимал руго росасул. Гьанже цадахъ гӀезарулел руго. Дуда ракӀалде ккараб дир букӀаралда гьорлъ хьиршадизейищ?

- Гуро, гьей дур йикIарай лъадуца гьарана дуда кIалъайилан.
- КIалъанагуриха! Гьанже кIал къай.
- Мухтарил йикIарай лъадуца ахIун букIанилан дица бицана гьесул яцалда. Тамилацайин абуни, дида гьеб унтилин пикругицин гьабичIого абуна:
- Мухтарие кутакалда йокьулаан гьей гIабдал. Йокьизе гIиллагIаги букIарабаниха. Гьей росасе ун хадуйги нахъе ячиниланги лъугьун вукIана гьев, божилищ? ГIемерал сонаца вукIана гьей кIочон толарого, хIалица разилъана лъади ячинеги. Гьелдаса хадувин гьев дунялалдаго цинбахъунги лъугьарав.
- Мухтар вукIана бицунев Наидаца жиндие гIемераб гIарац кьезе кколила, гьелда хадув вугила жив гьелъухъе хьвадулевгиян, гьеб битIараб бугищ? – абун гьикъана дица Тамилада.
- Щиб бицуней мун, киса?! ГIабдал вугониги, дир вацас гIарац гьадинго лъихъениги кьоларо, гьейин абуни гьес гIарцудалъун къваридги гьаюна гьелда бугеб ракIхвей сабаблъун. Дица абулеб гьечIищха, гьесие гьей кутакалда хирияй йикIана. Гьедин вуго гьев гьелъухъе ваккарулевги…
Дун пашманлъарайлъиги бихьун, Тамилаца хабар хисизабуна:
- Вацасда бицунге, гьесул цин бахьина. Дие гьесулгун дагIба кIваричIо. Рос гьесухъ хIалтIулев вуго ва гьесул нижее кумекги щола.
Дида лъалеб букIинчIо Мухтарил хIакъалъулъ рагIараб жо кин къабул гьабилебали.
- КIочон те дица бицараб жоги, рилълъа тира-сверизе ва берцинлъизаризе, - янги абун Тамилаца дие ракI-макI гьабуна.
Диейин абуни бокьараб жо букIана цо – кIварабгIан хехго дунго дидаго хутIизе. ГIайиб гурищха Нина жакъа хехго рокьое йиччарай, гуребани гьелъие бикьизе бегьилаан дица ургъел, тIокIав гьеб бикьулев чиги гьечIо…
Гьединал пашманал пикрабалъ щвана рокъое. ХIалбихьана нуцIа ричIизе, амма бажаричIо, кIул къан хутIана. Кавабиги рагьун азбаралдасан лъугьана жание. Яхана кIиабилеб тIалаялде ва гьениб, кьижулеб рокъоса цо гьаркьал рагIана ва гьаркьидаса дида Нинаги лъана.
Унго щивалиго рокъоведай гьалъ вачарав, ниж къаси гурони руссунареблъиги лъан? – абун ккана ракIалде ва дун хъегIана гьезда гьаракь рагIизе ва рокъов чи вукIин лъан букIине…
Гьенисан къватIиве, хIамамалъул халгIаталъулъ, ваккана Мухтар, ва хадуйго къватIие ячIана Нинаги. Дида бер чIварабго гьей гулла гIадин ана тIаса гъоркье екерун, рекIкIав росасда аскIой дунги тун. Гьесулин абуни щибниги хIал хисичIо. Дун ячIиналда бан, гьев я хIинкъун, яги нечон лъугьинчIо ва цохIо суал кьуна:
- Дида хадуй хал кколейищ йикIарай? Щибха, разилъарайищ?
- ТIокIаб абизе жо гьечIищ дур?
Мухтарица, тIад велъарав гIадин, дихъги валагьун абуна:
- Дуе дица накабазда чIун тIаса лъугьаян гьаризейищха бокьун бугеб? Бихьиларо дуда гьеб. Дица бокьараб гьабизе буго, бокьараб…
- Щайха дуе букIараб дун ячине, Мухтар? – абун гьикъана дица росасда, гьелгощинал соназ балагьулеб букIараб жаваб батизелъун…
- Бокьун бугищ лъазе? Абизе гьира мун ячине дир букIинчIо. Лъади гьечIого вукIинги рекъон букIинчIо. Гьединлъидал ячана ва мунги дие гIезегIанго рекъон ккана – берцинай, лъай бугей ва дур гIамал-хасиятги берцин бихьана. Амма гьанже дида хадуй лъугьун йикIине дуе щай? Дица абулеб буго тейин гьеб гIададисеб ишилан… Нина жакъаго ятIа гьайила. Дудаги кинабго кIочон те квешаб макьу гIадин… Бегьилагури?
- КIоченаро… Гьеб квешаб макьу бихьулеб буго анцIго соналъ. Заман щвана гьелдаса йорчIизе… Нинаги нахъе йитIуге, гьей дуе гьанже хIажалъизе йиго… Дун ина нахъе.
- КиегIаги мун иней? Дур мискинаб хъизаналда, эмен вукъизеги гIарац батичIин. Гьезул габуралда рекIинейищ дуда ракIалде ккараб. ГIантал жал гьаруге, амма нахъе ани, дун дуда хадув хьвадизе гьечIевлъиги лъай!
Щибго тIокIаб абичIого Мухтар къватIиве ана.
Эбелалъ рахъ ккеялда дир божиги гIададисеб батана гьанжесаги. Гьей лъугьана тIадюссайилан гIакълаби кьезе.
- КиргIаги дуда рагIарал божарал бихьинал? Гьей Нинаги нахъе йитIун, тIубазабе иш. РатIалъизе жо щиб гьениб бугеб?
Эбелгун къацандизе къуват дир букIинчIо. Радалиса дида тохлъукьего рагIана вацасулги нусалъулги хабар.
- Дур яцалъул бетIер тIубанго сверун батизе кола, гьединав росасухъа нахъе уней ятани.
- Фатима кутакалда сабурай гIадан йиго, гIилла гьечIого гьей рокъое ячIинароан.
- Кинал гIиллаби рукIунел? ГIумру ресалда гьабулеб буго, жийго бриллиантазулъ йиго. Гьединав росасул гIайибал ратаниги, тIаса лъугьинчIони мунагь букIина. Вичан те сверизе, сверуларел кир гьел росал ругел?
- Дун, - илан абуна вацас ва тIадеги жубана, - дурго иш гуреб бакIалда гьоркьое къачIого йикIа, Фатимаца жинцаго кьотIила гьениб хIукму.
- Мекъи вуго мун, гьеб нилъее киназего кIвар бугеб жо ккола. Фатима гьанже нилъгунлъидал йикIине йигей.
- Гьей ячIун йиго жиндирго эбел-инсул рокъое. Гьаниб буго ункъо рукъ ва къварилъи кинабгIаги гьечIо.
- Дие къваридго буго! Нужеца дида лъазабун букIинчIо колхозалда гIумру гьабизе ккезе бугилан. Дие гIун йиго, сундаго разилъуларей ва бадирчIваял камуларей, дур эбелги.
Бадибе бачIана магIу. Батани дун гьаний заманаялъ, хIалтIи балагьизегIангицин йикIине бегьуларо! Киндай дица гьабила? ГIеладай дие мугIалимлъи гьабун щолеб гIарац, рукъги ккун гIумру гьабизе?
Гьениб дида ракIалде щвана школалда дица жий хисун йикIарай учительница Асият хIалтIизе ячIуней йигин ва гьелъие лъимералъухъ балагьизе чи къваригIун рагIулилан букIараб хабар…
Цоялъухъа телефонги босун, дица Асиятихъе ахIана ва абуна дандчIвазе бокьун бугилан. Гьей гIажаиблъана дир гьариги рагIун, ниж цоцазда лъалароан, цо-кIиго нухалъ гурони рихьунги рукIинчIо. Гьелда дир мурад цебечIезе ресги букIинчIо.

Асиятица абуна жеги лъимералъухъ балагьизе чиги щвечІила, дун рокъоe ячІани бокьилаанилан. ДандчІвана хинго ва разиго. Бигьаго къабул гьабуна дир захІматаб хабар. Гьелъ абуна хІалтІуде жий гІарцуе гІологи уней гьечІила, гьениб бащдаб ставка босизе бокьун бугила, кидаго лъималгун рокъой йикІун бетІер унтизе лъугьанила ва нервал холел ругилан.

- Завучалъ махсарогицин гьабуна нилъ кІиялго ругила бакІалъулал олигархазул лъудби, гьединлъидал ставкаги бикьизе бегьилила нилъее, - ян абуна гьелъ.

Асият хІикмалъана дие гьелъул лъимералъе хъулухъ гьабун йикІине бокьун бугилан абидал ва бокьарал шартІаздаги разилъилин рагІидал.

Асият дихъ кІвар кьун ялагьана.

- Гьедин батани дуе рес буго тІадеги гІарацги босун лъабабилеб классалде уней нижер ясалда цадахъ дарсал гьаризеги. Дир гьейгун хІалтІизе нервал гІолел гьечІо, лъимер захІматго гьабуна, тІаде жояльe гьитІинавги рахІат толарев вуго. Гьединлъидал ясалда цадахъ дарсал гьарулаго ахІдолей йикІуна.

Гьедин байбихьана дица Асиятихъ ва Шамилихъ хІалтІизе. Дица тІалаб гьабулаан васасулги, ясалда цадахъ гьарулел рукІана дарсалги. Дие гьез чІезабуна гІатІидаб ва лъикІаб рукъги.

Эбелалъ ахІулаан ва гьарулеб букІана росасухъе тІадюссайилан, хІатта хІикъаби кьолаан кодое щведал, асфальталда жаний гуризе йигиланги.

Цо нухалда гІодулей дунги йихьун Шамилица гьикъана кинаб къварилъийин бугеб абун, дицаги гьесие дир бугеб хІал загьир гьабуна.

- Байбихьудаго бицине кколаан дуца гьеб, - илан абуна Шамилица.

Хадусеб къоялъ Шамилица дир лъай-хъвай гьабуна жиндирго гьалмагъ, адвокатасулгун. Джамалица тІаде босана дир дело.

Гьедин лъай-хъвай ккана Джамалилгун. Дие бокьулаан гьесул хабар- каламги, вукІа-вахъинги, гьев ватана ракІалъ восулев, ракІ лъикІав чи. Нижер бугеб хинаб гьоркьоблъиги бихьун Асиятица махсаро гьабулаан:

- Нусго соналъ лъала Джамал дида, амма гьединавлъун киданиги вихьулев вукІинчІо. Аллагьасе рецц, тІаде ралагьун сабурав ва аваданавлъун кканиги гьесдаги дагьаб жо гурелъулха бихьараб.

Асяца дие бицана Джамалил гІумруялъул хІакъалъулъ, Кин гьесие йокьулей лъадуца рекІкІ гьабураб, кин гьев гьебги жаниб хІехьон чІун вукІарав, ясазда чІегІераб тІанкІ лъезе теларилан, ва кинаб кьаби гьесда щвараб, эбелалъул гьерсаздаги божун ясал гьесдаса кьурун руссиндал…

Судалъ дун, Джамалил кумекалдалъун, бергьана. Гьев гьелдаса хадувги вачІунев вукІана Шамилихъеги Асиятихъеги. Амма киназдаго бичІчІулебги букІана гьев дие гІоло гьениве вачІунев вукІараблъи

* * *

КватІичІого Джамал мукІурлъана жиндие дун йокьун йикІиналъе ва абуна лъадилъун ячІине бокьилаанилан ва дунги разилъана гьесие ине, ва лъазабуна лъимал гьаричІого рукІине бегьулинги.

- Гьеб дие кІвар бугеб жо гуро, Фатима. Дир руго лъималги, гьезулалги…

Ниж данделъана. Асиятида лъималазухъ балагьизе цогидай гІаданги ятана ва школалде хІалтІизе лъугьана.

Дун йикІана талихІайлъун: лъана кинаб жо рокьи букІунебали. Шамилги Асяги нижедаса рохун рукІунаан ва нижер хъизаназулаб гьудуллъиги щулалъана.

- Пайда щибха, нужер цадахъаб лъимер букІараба-ни, - ян абуна цо нухалда Асиятица. – ХІалбихьулареб щай ЭКОялъул кумекалдалъун гьабизе. Щиб лъалеб, лъугьине бегьула?

- Гуро, Асият, кинал лъимал гьанже рукІунел, - ян абуна дица. – Джамалица абуна жиндир лъималги лъималазул лъималги ругилан… Гьадинго лъикІ батизеги бегьула. Лъимал гьаруни, гьесулазда цее гІайибияйлъунги ккезе бегьула дун.

Дида лъалеб букІинчІо къисматалъ дие цойги сайигъат хІадурулеб букІин. Дарсида йигеб мехалда циндаго цо черхалъул хІал хисун лъугьана, бетІер сверун беразда цебе бецІлъун ана. ЦІалдохъабиги риччана, дун ана учительскаялде. Гьенир учительзаби хІинкъун ккана ва гьез хехаб кумек ахІана. РачІарал тохтураз абуна лъимаде ятизе ккоилан. Амма дида кколеб букІиндалха гьеб ккезе рес гьечІилан.

- БукІине рес гьечІо, дир буго кІикъого сон, жеги анцІ-го соналъ цебе тохтурзабаз абун букІана дие лъимер гьабуларин. Гьаниб батІияб гІилла батизе ккола, дир черхалъул хІал хисиялъе.

- БичІчІула, - ян абуна ригьалде яхарай тохтуралъ, - гІемеразе бокьула гьеб гІумруялда лъимер ккезе, амма дуе гьеб ккун буго лъица щиб абун букІараб батаниги.

Дида лъалеб букІинчІо щиб гьабилебали, пикру гьабулеб букІана Джамалил… Щибдай гьес абила, бокьиладай гьесие лъимер дица гьабизе, божиладай гьев гьединаб хабаралда?

… Аваданго вачІана Джамал рокъове, бачІана тортги тІугьдулги ва абуна кІвар бугеб ишалъулъ бергьанилан. Амма дир бугеб гІуниги бихьун рахІат хун лъугьана:

- Щиб ккараб?

- Лъимаде йиго дун, Джамал, - абун хІалица абуна дица. – Жакъа тохтуралъ абуна. Дие бокьун гьечІо гьелдаса ятІалъизеги, ва дудаса ятІалъизеги къабул-лъиларо.

Таманаб мехалъ сихІкъотІун вукІана Джамал… Хадув циндаго вохана ва хурхун къвал бана бида.

- Хирияй! Дун талихІав вуго! ТалихІав!

Ургьиб лъимер баччизе дие бигьаго букІинчІо, амма росасул кумекалдалъун нижеца гьеб цІунана.

Нижее гьавуна вас ва гьебмехалда дида бихьана Джамалил бадиб магІу ххулун.

БитІун букІун буго дида кІодоца абун: талихІалъ ки-даго нух балагьулеб буго, гьелъухъ балагьун чІаразухъе. Гьеб кватІизе ва нухкъосун ккезе бегьула, амма бачІин-чІого хутІуларо. Гьелъ жеги абулеб букІана кигІанго бецІабги сордо хисун рогьел бачІунила. Бажаризе ккола нилъерго рогьелалъухъ ралагьун чІезе…

Дун чІана…

**Эльмира ИБРАГЬИМОВА**

# «ЛАГЪАЛЪ РАГЪУХЪАН ГІЕЗАВУЛАРО»



Мариям ВахIидова – ккола публицист, гIелмияб цIех-рех гьабулей, М. Лермонтовасулги Л. Толстоясулги творчествоялъул хIакъалъулъ хъварал кьучIал тIахьазул ва гьединго Россиялъул империялъул бахIарчи, генерал – майор А. Н. Ченческиясул хIакъалъулъ хъвараб лъабабго томалъул автор. Гьелъ хъвана рикIкIен гIемерал гIелмиял хIалтIабиги, публицистикиял, литература лъазабиялъул ва критикиял макъалабиги. Гьей йиго «М. Ю. Лермонтов XXI абилеб гIасруялда» абураб Антологиялъул редколлегиялъул членлъунги. Щвана гьелъие искусствоялъулгун культураялъул рахъалъ философиялъул ва Оксфордалъул университеталъул журналистикаялъулгун литератураялъул грантги. Гьей йосун йиго Таджикистаналъул Художествоялъулаб Академиялъул хIурматияй членлъунги, буго гьелъул жамгIияб хIаракатчилъиги, жийго ккола чачанай. Гьелъие кьуна Ф. М. Достоевскиясул «Берцинлъиялъе, РахIмуялъе, РитIухълъиялъе гIоло» абураб медаль ва «Къадруги Бихьинчилъиги» абураб орденги.
Гьаниб нижеца кьолеб буго доктор МухIамад ГIабдулхабировас Марьям ВахIидовалъулгун гьабураб гара-чIвариялдаса цо бутIа.

**–ХIурматияй Марьям! Мун жакъа Кавказалда сунца йоххизаюлей ва сунца пашманлъизаюлей?**

– Жакъа Кавказалда унеб буго иргадулаб хIалбихьи ва, цIикIкIараб куцалда хIаракат бахъулеб буго гьениб кинабгIаги культураги цебетIейги букIинчIин ва Россиялъе кидагосеб бетIер унти гьелъулъ бугилан бихьизабизе къваригIиналъ. Гьеб киналъгойин абуни пашманлъизаричIого толаро. Пашман гьарулеблъун буго гьединго тIаде гIолеб гIелалъ нилъер тарих лъазабулеб гьечIолъи, жидер умумузул азарилал соназул гIумруги, гьелъул рухIиялги рахIмуялъулалги кьучIалги гIолохъабазда лъангутIи, гьел жалго хисулел рукIин.

Европаялъул цо рахъалдасан гьел божизарулел руго аслияблъун хъизан ва эбел-эмен кколарин абун. Цогидаб рахъалдасанги гIарабиялдаса гьалбадерицаги малъулеб буго гIадатал диналде данде кколарин, бусурманаллъун рукIине кколин ва гьелъие хIажалъулеб жо гIицIго мегежги тун тIажуги къокълъизабун, щватабиги рахъун чарухъалги ретIун хьвади бугилан. Дуе бокьун букIун батила щиб бугониги кIвар цIикIкIараб жоялъул дидаса рагIизе. Диейин абуни гьеле гьел «гIисинал» ва рухIияб рахъалъ гIолохъаби хъарцинлъизарулел ишал ккола кIвар бугеллъун. Севернияб Кавказалда гIолохъабаз, кIудиял цересел гIадамал (эмен, кIудада, имгIал, вац) цере ругеб заманаялда дагьабниги рас гьурмада тей сурукъаб ва рекъечIеблъун букIунаан. Гьединазда абулаан ничги яхIги батиларилан. Дида ккола Севернияб Кавказалъ гьеб хIалбихьиги хIехьелин.

Бачина кIиго мисал, лъикIаб букIинеселде божи букIин бихьизабулеб. Лъабго соналъ цере Пятигорскиялда ниж рукIана МГУялдаса гьалбалгун рестораналда. АскIоб кабина ккун букIана арменияз ва гьез гьениб кIодо гьабулеб бугоан жидерго миллаталъул РакIалде щвеялъул къо. Циндаго гьенисан рагIизе байбихьана чорокал рагIаби. Дица рагIуледухъ абуна: «Хириял вацал, дида бичIчIула нилъ Россиялда рукIин, амма лъица абураб нилъеда гьаниб нилъ кавказалъулал рукIин кIочене бегьулилан!?» Бихьиназул сихIкъотIана. Кванан рахъаралго гьел нижеда хьолбохъан ине кколаан къватIире, ва гьезул щивас жидерго каранда кверги лъун гьарана тIаса лъугьаян.

**– Бигьаго бугищ жакъа Кавказалдаса чIужугIаданалъе? Дур хIисабалда кинал захIмалъаби, рохелал, хIинкъиял, масъалаби дандчIвалел гьелда?**

– Гьелда абула «къвал данде щолареб къвалакье бачеян». Гьай-гьай, Кавказалда руччабиги батIи-батIиял руго: тIоцебесеб иргаялда диналъул рахъалъ ва гьединго культураялъул,

гIадатазул ва цогидал рахъаздагиха. Амма буго нилъ киналго цолъизарулеб жоги – гьеб ккола бихьиназдехун балагьи. Кинабго цогидаб, гIажаиблъун бихьаниги, гьеб бербалагьиялда бараблъун букIуна: гIагараб ракьалде, лъималазде, хъизаналде рокьигицин.

Рос ракIчIарав вугони чIужугIадан талихIайлъун ккола, щайгурелъул хутIараб кинабго гьелъ жинцагоги тIубала. Гьанже нилъер бихьиналги тIуранго хисун руго, лъикIаб рахъалдехун гурелха. Гьединлъидал нилъеда бихьула нилъер миллатазе хIинкъи бугеб хIал лъугьунеб букIин. Бихьиназдаса рази гьечIолъи бихьизабун руччабиги лъугьунел руго жидерго гIасрабазул гIадатал гIодор тезе.

**– Мун цее ккана дица гьикъизе букIаралъе жаваб гьабизе. Абула Кавказалда руччабазул ихтиярал дагьал рагин. БитIараб бугищ гьединаб пикру? ГьечIищха кавказалъул хъизаналда чIужугIадан – эбел кIудияб къадруялда ва хIурматалда?**

– Хадусеб хабар дица гIицIго чачаназда хурхараб бицина, хутIаралщиназул биценго гьабизе бокьун гьечIо. Цо нухалда дун ахIана пуланаб институталда Гургинаб столалда гIахьаллъизе. Гьениб бицине кколаан дир Л. Н. Толстоясул хIакъалъулъ макъалаялъул. Гьенире гIадамал ракIарулаго дида аскIое ячIана журналистка ва жиндаго «лъикI бичIчIулеб гIадин» гьикъана: «Дуца Анна Каренина тIаса йищарай щай, гьей эркенай чIужугIадан йикIиналъищ?» – абун. Дун хIикмалъун лъугьана ва абуна: «Лъица дуда абураб Анна эркенай йикIанилан? – бокьарай чачаналъул буго Аннада макьилъгицин бихьичIеб гIанасеб эркенлъи!» – илан. Дица гьабураб жавабалъ йиххизаюна журналистка ва тIокIаб гьикъизе жоги лъачIого хутIана: эркенай чачаналъе кьезе цоги суал гьелъул батичIо! Щай? Щайгурелъул мекъаб батана гIадамазда рагIараб хабар. Жеги XIX гIасруялдаго чачаназул руччабазул хIакъалъулъ хъван букIана гьел Кавказалдаго бищунго эркеналлъун ругилан. ГIицIго эркенай гIаданалъул рес букIуна эркенал, чIухIарал бихьинал – рагъухъаби гIезаризе. Лагъалъ рагъухъан гIезавуларо!

Ригьалде рахиндал чачаназул руччабаз хъизаналда хIурматияб бакIги ккола. Херазе тола бищунго хинаб, квегIенаб ва рахIатаб бакI. Гьезда тIаса ккола бакIаб хIалтIи ва гьесул гIахьаллъи хIажалъула жамгIиял суалал тIуразариялъулъ. Гьединаб мехалда бихьиназ кинабниги гали тIамуларо лъадуда дандбачIого, гьелъул гIакълуялъухъ гIенеккичIого.

**– Муслим Магамаевасда цадахъ гIумру гьабулаго жинцаго цIунулеб букIараб гIадлуялъул хIакъалъулъ бицана хIурматияй Тамара Синявскаялъ. Миллатал гIемераб хъизан гIуцIизе къасд ккаразда лъачIого гIолареб жо щиб букIунеб гьениб?**

– Дуца ракIалде щвезаруна Тамара Синявскаяги, жиндилъ Кавказалъул гIемерал биял журарав Муслим Магомаевги. Синявскаялда лъалаан кавказалъул бихьинал жинда лъалел гIурусаздаса батIиял рукIунеллъи. Кавказалъулал, гIемерго лъачIониги, рихьизарун руго хъачIал, согIал, гIиллаго гьечIого ханжар къватIибе бахъулел ва гьединлъидал жидедаса рикIкIада чIезе, цIодорго рукIине лъикIаллъун. Кавказалъул руччабазги цIодорлъи гьабула. Дида лъала цо чачанасе арай гьединай гIадан. Гьей гIумруялъ киданиги росасда цадахъ цо столалда нахъа гIодой чIун гьечIо. «Чачаназул гьединаб гIадат гьечIо» - ян абулаан гьелъ нижеда. Чачаназул руччабахъа ва жеги лъихъаниги бажаричIо гьедин гьечIилан абураб жоялда гьей божизайизе!

**– ГIемер цIалула Кавказалда хвалчабигун рагъулел бихьиназда гьоркьобе чIужугIаданалъ жиндирго кIаз рехани гьел чIолилан…**

- Бокьарай чIужугIаданалъул гуро ихтияр бугеб ботIродасаги бахъун кIаз ццидалал бихьиназде гьоркьобе рехизе. Гьей йикIине кколаан хIурматияй, жинда гIайиб гьабизе бакI гьечIей чIужугIадан, гIолохъанай яги херай йигониги батIалъи гьечIого. Гьай-гьай, гьеб гьадингояб хабар гуребха. Гьединал мисалал нижедаги ракIалда руго. Карабахалда рагъулаб тунка-гIуси байбихьараб мехалда цо азербайджаналъ ботIродаса кIазги бахъун чIезаруна ццидалго цоцалъ ран рукIарал бихьинал. Гьелъул хIакъалъулъ гIемераб хъвазеги хъвана централиял ва бакIалъулал газетазда, рукIана суратални. ЦIарги гьелда Зейнаб букIанин ккола.

Кавказалъулал рагъаздаги гIемерал рукIана руччабаз бихьиназда яхI гьеялъул мисалал. Пачаясул аскараздe данде доб заманаялъ ругьун гьарурал аскарал гурелъулха рагъулел рукIарал, гьел рукIана росабалъа гIадамал. Мисалалъе, Дади-Юрт росу, гIисинал лъималаздагицин гурхIичIого чIунтизабизе байбихьидал, Айбика абурай яс талавурчагIаз тIохдаса гъоркье рехула ва гъорк рукIараз хучдуз ккола. Асирлъуде росарал кIикъого яс, Терекалъул цояб рахъалде расабазда рачунаго, гьел киналго гIорулъе кIанцIана, цадахъ рукIарал офицеразабиги жидедаго цадахъ тIиналде рачунаго. Гьебги маргьа ккоаро. Гьеб росулъа лъабго вас вачун ана Россиялде. Гьезул цояв вахъана машгьурав художниклъун, суратазул академик Петр Захаровлъун, кIиабилев – Айбулат Розен вукIана чиновниклъун ва шагIирлъун, гьесул кучIдул рахъулаан Пушкинил «Современник» журналалда. Лъабабилев Бота Шамурзаев вахъана пачаясул армиялъул офицерлъун ва Шамилил цIаррагIарав наиблъун. Гьесул лъай-хъвай букIана М. Лермонтовасулгун ва Л. Толстоясулгун. Гьединаб бажари- гьунаралъул гIадамал гIолел рукIана жидерго гIамал-хасият ва гIадатал цIунарал умумул рукIиналъ ва чияраб берцин бихьунгутIиялъ.

**– Россиялъулазда Кавказги кавказалъулазда Россияги лъаладай?**

– Россиялъулазда Кавказ лъазего лъаларо ва гьелъул хIакъалъулъ цебечIейги **цIакъго дагьаб буго. ХIатта Кавказ** лъикI лъазе кколел гьеб лъазабулел гIалимзабазулгицин. Политиказдаги Кавказалъул ахIвал-хIалги бичIчIуларо. Ва, аслияб жо, кавказалъул гIадамазул хIакъалъулъ дагьаб лъарабгIан гьезде дандеги хъачIго кIалъала. ГIаданлъи гьечIолъи ккола гьеб! Гьанже лъикI буго гIурусал Чачаналде ва Кавказалъул цогидалги регионазде рачIунел рукIин. РакIалде ккола гьезда Кавказалъул берцинал бакIал гурелги берцинал гIадамалги рихьулел ратилин.

Кавказалъулазул гьечIо Россиялде ва россиялъулаздехун квешаб балагьи.

# Барка, барка, цIияб сон!

* * *

Немцазул буго гьадинаб гIадат. ЦIияб соналъул тIоцебесеб сордоялъ гьез «лъазабула» тIолабго лъагIелалъ кинаб гьава-бакъ букIине бугебали. Гьеб гьабула гьадин. Столалда лъола I2 порол бетIер - лъагIалил щибаб моцI рикIкIун. Щибалъул тIогьиса бакI къотIула, гьениб гвенд лъугьинабула, гьелда жанибе цIам бала. БитIун къаси сагIат I2 тIубараб мехалъ хал гьабула гьезул. ЦIам «кванан» батараб щибаб порол бетIер рикIкIун гIазу-цIад балел, «кваначIого» тарал рикIкIун роцIарал моцIал рукIине ругилан хIисаб гьабула.

* * *

ЦIияб соналде жидерго къагIидаялъ дандчIвай гьабула Югалъул Америкаялъул цо-цо къавмаз. ТIолабго къавм данделъула рохьил рацIцIалъиялда. Гьел бащдаб горсвери гьабун сихIкъотIун чIола. Цойидасанго бакьулъе кIанцIун вачIуна къавмалъул бетIер. Гьес жидерго гIадаталъул кьурдул свери бахъула, хадуб гIодоб речIчIула барщараб хъабахъ. Гьеб щущала, къавмалъул тIолалго гIадамал, рохалилал гьаркьалги гьарулаго, кIанцIола – ЦIияб сон бачIана! РакIалде ккола цохIо жидедаго гурони бичIчIулареб лъалареб магIна батилин гьеб гIадаталъулгийилан.

* * *

Франциялъул чагъир бахъулел чагIаз рикIкIуна чагъиралдаги рухI букIунилан. Гьединлъидал, ЦIияб сон бачIараб мехалъ, гьез жидерго ракьулъ гьабурал чагъир цIунулел рукъзабахъеги ун, щибаб бочкаялда лъабго нухалъ кIутIула. чагъиралда байрамги баркун. РакI чIола, байрамалъул столалда нахъа чагъиралъ французаздаги байрам баркулеб батиялда.

* * *

ЦIияб соналде дандчIвай гьабулаго Италиялъул шагьаразул къватIахъ къанагIат гурони гIадамал рукIунаро. Гьеб мехалда къватIир ругел гIадамалги минабазул къел ракьанчIван гурони унаро. Гьелъие гIилла буго, басрияб соналъул ахирисел минутазда италяназ басралъараб хIажат гьечIеб къайи гордухъа къатIибе балеб букIин.

## ЦIИЯБ СОН!

Хошгелди, ЦIияб сон, баче цо ратIа,
Баркатгун, рахIматгун щвараб батаги.
Буртинаги бахъун, биче гьоболлъи,
Бечедаб гIумругун рещтIун батаги.
Яшав гIатIилъаги, гIумру бохаги,
Халкъалъул рекIелъа ургъел босаги,
БоцIул гIуж къосаги, гIачи къинлъаги,
ГIорхъодаса араб бечелъи щваги.
Чуял гIемерлъаги, гIулби ризлъаги,
ГIиял рехъабаца авлахъал цIеги.
Рии-их битIаги, хур цIун бачIаги,
ЦIорол, гьорол балагь тIаса босаги.
БакIарун кIолареб тIорщел бачIаги,
ТIад бижараб пихъалъ гьутIби рихъаги,
Гьабу гIодоб цIараб цIибил бижаги,
Жадулги гьацIулги гIорал чвахаги.
ТIалихI- рохелалъул иххал рахъаги,
Халкъазул цоцазулъ ракIал жураги,
Щибаб лъагIалие лъимал гьареги,
Гьайбатал герояз городал цIеги.

*ЦIадаса ХIамзат*

## ЦIИЯБ СОН!

Барка, барка, ЦIияб сон,
ЦIияб талихIгун щвараб!
Хошгелди, ЦIоролдада,
ЦIияб рохелгун щварав!

РачIа, лъимал, кьурдизин,
Кьабун гIодоб хIатIалгун,
Кьерал гьарун свердизин,
Цоцазул квералги ккун!

ГIурччин накIкIигъотIода
Гени, гIеч чвархъе абе.
ГIаркьалабазда чIарал
ХIанчIи чIирчIидизе те.

НакIкIигъотIол тIогьиса
КIутI-кIутI тIуризабизе,
ГъотIолги гьодриниса
Гвангва лъутизабизе.

Барка, барка, ЦIияб сон,
ЦIияб талихIгун щвараб!
Хошгелди, ЦIоролдада,
ЦIияб рохелгун щварав!

*Заид ХIажиев*



Исана магIарулазул шагIир МухIамад Насрулаевас бана 70 сон. «МагIарулай» журналалъул коллективалъ юбилейги баркун гьарулеб буго МухIамадие чорхое сахлъи, рекIее парахалъи ва къалмие бегIерлъи.

МухIамад НАСРУЛАЕВ

## БОЖИ БУГОНИ…

Божи бугони гIела,
Рокьи бугони гIела,
Ракьалда гьелде щвараб
Щибго гьечIо, букIинчIо.

Намус бугони гIела,
ИяхI бугони гIела,
ИяхIгун намус свани,
Сундуе, вац, гьаб гIумру?

Росу бугони гIела,
ВатIан бугони гIела,
ВатIангун ракь кIочарав
Чи гуро, гIадан гуро.

Аллагь вугони гIела,
Иман бугони гIела,
Имангун Аллагь гьечIел –
Гьелги илбисал руго.

Божи бугони гIела,
Рокьи бугони гIела,
Рокьигун божи гьечIеб
БачIунге къо ракьалде.

## ШАГЬАРАЗУЛ АВАРАЛ

Шагьаразул аварал,
Аваразул миллат-халкъ!
Хвел гьечIел умумузул
МацIги, цIарги, гIадатги
ЦIунун бугищ, хириял,
Хазиналъун нужеца?
Къисматалъ, гIураб ракь тун,
РикIкIаде рачаниги,
ЧиярлъичIого ругищ
Нуж нужерго тIалъуе?
ТIогьал зобазда хъварал
Рорхатал дол мугIрузда
ГIураб халкъалъул тарих
РухIгIан хирияб бугищ?
Шагьазул, пачабазул
Чукъбузе жал къуркьичIел
Имамазул наслаби
РукIин рекIелъ цIунулищ?

Шагьаралъул аварал,
Аварал нуж ратании,
Тоге кIочон кидаго
ГIагараб ракь, гьелъул мацI.

## ЭБЕЛАЛЪУЛ ХУР

Къали гIетIул тIураб эбелалъул хур,
Харица, чIахIица чIвалеб буго мун.
ЧIаго хIалхьи щвечIей, мунагьал чурад,
ЧанцIул, макьилъ дихъе ячIун, кIалъарай.
КIикъогогIан соналъ свак, макьу кIочон,
Гьабун букIараб гьеб нужеца жакъа
Щай гьедин тарабин, рукъ бакьулъ кIусун,
КIал гьикъула сардилъ, дида цее чIун.
У, дур бадирчIваял, чIор гIадал руго,
Ракьулги, рекьулги, ах-хуралъулги
Ургъел-агъаз гьечIеб, бикъул бакъ щвараб
ЩайтIан заман буго ракьалде бачIун.
ТIолабго гIумруялъ, гIетI тIун, хIалтIарал
Ракъи-къварилъиялъ къакъалел руго,
Къойил цIогьодулеб хъумураб агьлу
Хъулбузухъ, кIалгIабахъ кепалда руго.
Гьедин буго, эбел, гьаб дунялалда,
Хурулги, ахилги, захIматалъулги
Къиматги, къадруги къаникь лъун буго.
Амма, бугониги, бачIина заман,
Мекълъуйги, тIекълъуйги тIолго гIаламалъ
ГурхIел-рахIму гьечIеб тамихI гьабулеб.

## АННА УЛУХАНОВА

Анна Улуханова – хадуй ШугIайнат,
Шамил имамасул хирияй лъади,
Лъида, дуда гIадин, эрменазул яс,
Досул рекIел дунял лъалеб букIараб?

ЛъачIебани, унго, хъамурай лъади,
Дудаги кIвелаан, херав росги тун,
Хирияб гIагарлъул ва эбел-инсул
Амруялда рекъон, рокъой юссине.

ЮссинчIо, юссинчIо мун Моздокалде,
Дов Ахъбердиласул чабхъадул давла.
ТечIо, течIо дуца дунял мукIурав
Кавказалъул имам – мугIрул багьадур.

Къаникье инегIан тIолго гIумруялъ
Досие ритIухълъи цIунана дуца.
Гьелъин нус-нус соназ хутIизе бугеб,
Хирияй ШугIайнат, хIикматаб дур цIар.

*Хабаралдаса кесек*

Рохьоре ниж рачIана дир эмен рагъда чIванилан чIегIер бараб кагъат бачIун ичIго-анцIго кьо араб мехалъ. Гьеб бачIараб къойин абуни, дир рекIелъа киданиги инаро. Поч босун хьвадулей Сакинат-адал квер сородулеб букIана кагъат дихъе кьолеб мехалъ. Гьелъул дица санго гьабичIо. Гьей гурхIелгун дихъ ялагьараб куцги бихьичIо, босун кагъатгун рокъове векерана. Дида ккана гьеб инсул иргадулаб кагъат бугилан. ГIицIго тамашалъун вукIана гьеб ункъбокIонаб букIиналда. Кидалго гьес лъабихъе

# МугIрул кIкIалалабахъ

**Муса МУХIАМАДОВ**



сукIараб «солдат-кагъат» бачIунаан букIараб. Гьел кагътазда инсуца хIеренал рагIаби хъвалаан эбелалде. Гьелги цIалун рохалил магIу бацIцIунаан гьелъ, «рокъов вугеб мехалъ гьабичIо гьес дидехун гьадинаб недегьаб калам» абун. Рокъов вугеб мехалъ эмен колхозалъул хурул бригадир вукIана. Къоялда жанив магъилъги хIалтIун свакан, вакъун, къаси вуссунаан гьев. Эбелалъ хIухь къотIун гьебсагIат хинаб квен лъолаан гьесда цебе: «Вакъаравго къварилъахъдула дур эмен, гIорцIаравго разилъула», - абун дир гIинде щурулаан гьелъ. Цо-цо гьесие бадибчIвайги гьабулаан: «Колхозалъул гурони, дуе дурго рукъалъул ургъел гьечIо. Доле гIадамаз жидерго участкаби рекьун руго, нилъерабин абуни раккуриялде сверун буго. Бригадирилан ватилаха…» - абун.

«Колхозалъул лъугIичIого, нилъерго хурзал рекьизе рекъон гьечIо», - ян жаваб кьолаан инсуца. «Цойгидазе рекъолеб, дуе рекъолареб рагIула!» - ян борхизабулаан эбелалъ гьаракь. – «ХIикматав рос вуго дир». «Вугоха», - ян вахъун унаан эмен ва цодагьал къояз гьел цоцалъ барщарал гIадин рукIунаан. Цинги инсуца, цо кинаб бугониги махсараги гьабун, елъизаюлаан эбел, ва нахъойги гьуинлъи рещтIунаан рокъобе.

Рагъ байбихьараб къоялъго кьолона инсуца чу. Гьебги букIана ГIабдурахIман-кIудил цIахIилаб чу. Росуго бахъун тIовитIана гьев. «Фашисталги гъурун, цIарги босун, цIум гIадин вуссагиян» абуна Советалъул председатель Саратица гьесда. Эбелги, дир яц, Меседоги гIодулел рукIана. Дунин абуни, гьесда аскIов чодаги рекIун росдал лъар бахинегIан ана. Цинги инсуца дир кверги бачун абуна: «Мун вуго гьанже рокъов хутIулев бихьинчи. Бихьинчияс гIадин борхе тIаде ккараб кьо!» - абун.

Дица, тIубалилан бетIер хьвагIана.

Гьелдаса нахъе инсул кагътихъ хъаравуллъи ккун вукIунаан дун. Гьесги гьел щибаб анкьидаса-анкьиде цо-цо битIун бачIунаан. Кагътил авалалда кинабго гIагарлъиялдегун мадугьаллъиялде, цIар-цIар ккун, салам хъван букIунаан, сахлъи цIехолаан. Цинги чанго рагIи жиндирго рахъалъги букIунаан: «Фашистаздаса къисас босулев вуго. Дир ургъел гьабугеян». ХутIараб бащалъиялда эбелалъул рахъалъ хъварал хIеренал мухъал рукIунаан. Гьес гьелда лъечIеб цIарги толароан: «Дир хирияй мокъокъила», «МугIрузул гIансайила», «гIурччинхарилъе гIадра-тIегьила». Гьел мухъал цIализе нечолаан дун. Эбел йикIунаан гьезда тIадеги къулун гIодулей. «Дун дагьав хъачIав вукIана, рекIелай, дуда аскIов, тIаса лъугьа…» «Гьаниб рикIкIада гIадин рекIее мун гIагарай йигей куц дида бичIчIичIо!» - абурал инсул рагIабиги такрар гьарун къасиги синкъдилей рагIулаан дида гьей…

Цо кагътида жаниб лъун гьес жиндирго суратги бачIана битIун. Солдатасул формаги ретIун, гIарададул гуллаялъ къотIараб гьотIода цебе бахъараб сурат букIана гьеб. Нижеца цIорол рамкаялъубги лъун, рукъалъул

къеда бана сурат. Кьойил дихъги валагьун гьимулев вугин ккола дида эмен. Эбелги йихьулаан дида гьелда цееги эхетун, цо щибалиго гьесдехун щурулей. Цинги: «Гьаб кинабго духъ бугеб чIалгIен дуе гьурщизе дир къалмил къуват гIолеб ани!» - абун угьунги биччан, инсуе жаваб хъвазе гIодой чIолаан гьей.

Амма кагътида гьелъ гьединал хIеренал рагIаби хъвалароан. Росулъ бугеб цIияб хабар, дунги яцги цIалулеб ругеб куц, рагъдаса бергьенлъиги босун росалги, васалги, вацалги руссине руччабазул бугеб анищ – гьеле гьелъул бицун цIезарулаан эбелалъ кагътил гьурмал. Гьелъул ахиралда гьариги букIунаан «мунго цIуне, тохаб гуллидаса» абун. Гьелъул конверталда жаниб дицаго лъолаан, дирго рахъалъ хъвараб кагъат. Гьеб кагътидаги бакъанида рохьдолъа руссунел хIамул рекеризе тIамиялъул, учитель МахIмуд Халидович рекъдилаго вуссиналъул ва цойги лъугьа-бахъиназул хъван букIунаан. Амма учителас диего «кIийилал» лъеялъул, яги дихъан кьабгIун араб бурдиги речIчIун Булбул-кIодол гIанкIу чIваялъул цIар бахъулароан. Щай доба рагъда гьесда ургъел чIвазабилеб? «Дунги цебесеб кьерда гурони вукIинчIо хIалтIулъ, дир васги цIалулъ лъикIазда гъорлъ вукIине вуго», - ян абулаан гьес. Абухъего, гьесул бригадаялъ босулаан санайил БагIараб байрахъ. Рагъде аралдаса инсул бригада лъабабилеб бакIалде ккана. СалихIат-адада ахIи-хIуралда йикIун гурони, инсуца жиндихъе кьовухъе бригада цебе бачине кIвечIо… Дунги цIалулъ цевесезул кьерда гьечIо. Гьебни учителасул гIайибги буго… Бугониги щайха гьеб кагътида хъвалеб?...

Циндаго къотIана инсул кагътал. Анкь ана, моцI ана, бачIинчIо. Руччабаз эбелалъе ракI-макI гьабулеб букIана, цо-цо нухалъ рагъда кагъат хъвазеги, хъвараб гьеб почалда битIизеги регIел кколарин абун. Ана кIигоги моцI кагъат гьечIого. Гьале цо къоялъ школалде вачIунев дида данде ккана почги босун ячIуней Сакинат-ада. Гьелъ кьураб ункъбокIонаб кагъатги босун, дун эбелалъухъе вортана. Гьейин абуни, магъилъ ролъ чIаралей йикIана. ГIедегIиялъ дида бригадир СалихIатие йорчIами кьезецин кIочана. «Инсул кагъат бачIун батила гьадигIан гIедегIун, гIадан вихьуларедухъ дов унев», - абун рагIана дида гьелъул калам. – Эбел йохъизайила дос! «ЧIегIераб кагътица» керен бухIиладаян хIинкъун йикIанин пулан».

«ЧIегIераб кагъатилан» гьелъ абурабго хьадарлъун ана дир хIатIил роси. ГIедегIиялъ конверталда тIад хъварал мухъалцин цIалун рукIинчIо дица. Гьанже цIалана. Инсул хатI гуроан гьеб. «Конвертги батIияб буго, хатIги чияр буго», - абун чехь бухIун ана дир. РичIана конверт. Гьелда жаниб гьитIинабго кагъат бугоан. Гьелдаги забруялъ кьабгIарал мухъал ругоан. Гьезда тIасан рекерун ана дир берал. БетIералда хъвараб «Извещение» абураб рагIуцаго цIадул цунтур рехун ана ургьибе. «Дур рос Ислам СултIанов ВатIан цIунулаго чIвана…»



Дида тIокIаб щибго бихьичIо: беразда цебе хьухь бигъун бачIана. ГIодилаго дун гIурчинаб харда тIад гевегахъдизе лъугьана. «Вай, пулан, чохьол унти бахъун батила!» - абун рагIана бригадир СалихIатил гьаракь. ГьебсагIатго «Вуя!» - абун ахIана гьелъ, борохь бихьараб мехалъ гIадин. Дида бичIчIана, гьелда кагъат бихьараблъи…

КватIичIого дун гIодулел руччабаз сверун ккуна. Цо лъицаялиго кIиябго гъежги ккун кIовокIизавуна, цинги «вай, дир бесдалав» абун каранде къана. Гьей йикIана эбел. Гьелъул магIица къинабуна киналго гьаркьал: хIанчIазул чIирчIириги, гарцIазул цIирцIириги, лъарал хъудиги. Гьелъ ахIулеб букIана инсул цIар, абулел рукIана гьесул рахъалъ бищунго хIеренал, гьуинал рагIаби. Гьей семулей йикIана Гитлериде, фишистазде. Дидайин абуни цебе тIамулеб букIана рекIун ГIабдурахIман-кIудил чодагун, бахъун хъатикь хвалченги ккун гьужумалъ унев эмен. Гьеб хвалчен дир кIудадал бусадул къаданиб, къеда бан букIунаан. ТIоцебесеб дунялалъулго рагъда, германиялгун вагъулаго бихьизабураб бахIарчилъиялъухъ кьун букIун буго кIудадае гьеб. Гьес бицунаан, граждан рагъул соназда чанги бандитасул бетIер къотIанила жиндир хвалчаца абун. Эмен рагъде унеб къоялъ къададасаги бахъун гьесухъе кьуна кIудадаца гьеб…

Эбелалъул гIасиял гьаркьаз риххизарун унаан дир пикраби.

- ГьедигIанго сабру хун лъугьунге, дир яс, - абун эбелалда сверун лъугьунаан СалихIат-ада. – Щиб лъалеб, чIваравиланги тун, чIаго ватизеги бегьула гурищ дур Ислам. Дагьабищ гьединаб иш рагъда ккараб? Доле учитель МахIмудил рахъалъги бачIун букIана «чIегIераб кагъат». Хадув живгоги вачIана тIаде рехун, захIматго лъукъун вукIаниланги абун…

- Вай, лъаларо, СалихIат, лъаларо! Дир каранда кор буго боркьун! Исламги камун, кинан дица гIумру гьабилеб? Гьесие гула тIураб завод кьвагьаги, гьесде квер борхарав Гитлериде ботIроде тIухьидул цIад байги…

Дида жеги рагIун йикIинчIо эбел гьединан хьандолей: гьелъул мацIалде бачIунеб букIанщинаб гIасияб рагIи! ГIадамаз тIасан-гъоркьан рачIун, чIегIерлъулеб букIана гьаб гIурччинаб ссан. Гьениса руччабазги ккун эбел рокьое ячун ана. «Мун бихьинчи вуго, СултIан, бачIараб кьо, кигIан кьваридаб букIаниги кьулчIизе ккола бихьинчияс», - анги абун ГIабдурахIман-кIудица тIаде вахъинавуна дунги. Гьаругьинан рилълъана ниж росулъе. Дир инсул лъикIлъиялъул бицунеб букIана дида хадур рачIунел харабаз. Гьел кверкьейги лъун, кьералда нижер азбаралъул тIарада гIодор чIана. Рагьийин абуни, руччабаз цIун букIана.

Къаси гIадамалги ун нижго хутIана рокъор. Дунги магIардаса юссарай дир яц Меседоги ниже-нижер бакIалда чIана, эбел гIодоеги кьулун, цо лъицаялиго гьабун бачIараб кванде кверги бегьичIого, гьанситол хьолбодехун базабун гьежгун, гьваридаб пашманлъиялъулъ тIерхьун йикIана. ЧIобого букIана инсул бакI. «Гьанже бесдаллъана нилъер рукъ, - ан абуна яцалъ дир гIиндеги кьулун. ГIемерай гIодиялъ багIарлъун рукIана гьелъулги берал.

Гьеб рагIул магIна дида жеги тIубан бичIчIулароан. Амма бичIчIулаан тIокIалъ эмен гьаб бакIида тIад гIодов чIезе гьечIеблъи. Магъилъан свакан вачIунев гьес, бахъун магIида балаан тIагъур, «парчи босеян» Меседудеги ахIун, цIорораб лъеца чурулаан гьумер, квер. Цинги жиндирго бакIалда гIодов чIолаан. «Унгоха, дун вакъун вугеб куц! ТIубараб чахъу кваниги гIорцIилеб хIал гьечIо!» - ян абун, босулаан кодобе чадил мочIо. Гьесухъги валагьун, диргоги цIидасан кваназе гьира балаан.

Гьанже абуни… гьев тIокIав вачIинаро…

Сардилъ дун риччалъ гIадин вукIана. Цин гьапуллъун кколаан ва гьебсагIат эмен цеве тIамулаан. РекIун хьахIаб чодагун, хьвагIулаго хвалченгун фашистазда тIаде кIанцIулев вугоан гьев. «Киса гьеб хьахIаб чу! – абун хIисаб гьабулаан дица. – ГIабдурахIман-кIудица гьесухъе цIахIилаб чу гурищ кьун букIараб? Буртинаги буго хьахIаб, тIагъурги буго… Дада, мун чIван вукIун гьечIо гурищха? – ян абун ахIула дица ва дирго ахIиялъухъе ворчIула. ЧIегIерлъун рукъги буго, чIегIераб ратIлилъ дир бусадул рагIалда кIусахъе гIисинккун гIодулей эбелги йиго. Гьелда аскIойго кIусун кIодоги йиго. Гьелда кодор чIумал руго. БетIерги кIодол добе-гьанибе хьвагIулеб буго сагIтил хинкIбахъ гIадин. «Щиб ракьалда мун кьижарав, дир вас? Киб батулеб дида дур хоб, хирияв?» - абун гьикъула гьелъ гьенив цеве вачIун чIун инсул сипат бугеб гIадин.

Яц диралда аскIоб бетIерги лъун, юргъаналда тIасанго гIебеде чIван йиго. Къаданиблъел биччун бугеб куцалъго бицуна гьей пуланалъ гьарзаго магIу тIолеб бугеб куц. Амма гьей щибго гьаракь гьечIого гIодулей йиго. Къадги гьелъ эбелалъ гIадин, я керен бухичIо, я гьумер хачачIо. Эхе-эхеде рехулеб мугъги букIана, гирун бачIунеб магIуги букIана, багIарлъун кIутIбиги рукIана.

Меседуе эмен цIакъ вокьулаан. Дун гIадин нич бахъун, гьесда данде йортизеги, горбода хурхун рохел загьир гьабизеги кIолароан гьелда. ДоегIанисан гьесухъги ялагьун хаган чIун хутIулаан, нечон. Гьев унтани, рокьове кватIани, ургъалида эбелалъул накалде бетIерги базабун хIухькъотIун чIолаан.

Росдал гIадаталда рекъон, рукъалъул чи хун моцI тIубачIого магъилъе хIалтIизе унароан цере гIадамал. Гьанжейин абуни гьеб гIадат цIунизе рес букIинчIо. Рагъда бергьенлъи босизе ккани – тылалда хIаракаталда хIалтIизе ккolaaн. Инсул чIегIераб кагъат бачIун анкь тIубалалде хурзабахъе къокъине къачIана эбел. «Дида рокьое юссун йикIине кIолеб гьечIо, кIихIи бихъулеб буго кьварилъиялъ ракI», - ан абуна гьелъ кIододехун. «Вуй, бегьилищ, дир яс?» - абун лъугьана кIодо. «БегьунгутIизе щиб бугеб?» - ан абуна эбелалъ. – Дир гурони хвечIевищ рагъда рос, дида гурони гьечIебищ кьварилъи? Чангияй къороллъана гьаб гьитIинабго росулъ рагъ сабаблъун. Киназдаго цадахъ йигони, диеги ургъел бигьалъизе бегьула. «БитIараб буго, дир яс, дур рагIи, - ян абуна ГIабдурахIманица. Нижер гIагарав гьечIониги, гьев дир кIудадал гьудул гьуинаб божилъиялда вукIунаан нижгун. – Духъ балагьидал бадиб магIу хулулеб буго. ГьедигIанго цIакъ чIегIер базе ккани, чIухIараб цIарги нахъе тун, багьадурлъиги гьабун гурищ дур рос хварав? Халкъалъего гIахьалаб кьварилъи буго гьеб, халкъгун цадахъ кьулчIизе, кьватIие яхъа. СултIанил дуца ургъел гьабуге, гьев дица рохьове вачина. Хажаги ячуней йиго дица дое. Гьал кIиязего доба лъикI букIине буго. Ракъа-къечонги хутIиларо гьал дора: гIалхул пихъги кванала, цо-цо чанареги хьвадила, чияр кверaлдаса гьутIбиги цIунила. Гурищха, СултIан?»

Дица разиго бетIер хьвагIана.

«Баркала, ГIабдурахIман-даци, - ян абуна эбелалъ. – Амма васги рокьов гьечIони, ракI кьварилъиларищ дир?» Гьелъие бокьун букIинчIо дун рохьове витIизе. Амма рес щиб, нижер сандукI чIехьа-рехьон букIана. Гьелда жаниб хутIараб ханжуги кIутIа-сутIун кIодоца «инсул рухIалъе щвезеян» садакъаде рикьизе панкъал гьаруна. Гьанже нижеца гIемерисеб ригьалъ белъун гIурччинлъи кваналаан. «Рохьов гIорцIунгIаги вукIина вас, виччанте, - ян абуна кIодоца. – Хасалихъе гьев вуссиналде нилъеца лалги тIамила…» «Аха, дир вас, - абун магIилъан дихъ ялагьана эбел. – Вореха, месед, цIодорго вукIа! ЦохIо мун хутIанин гьанже нижер рукъалъул бихьинчи…»

Дун ГIабдурахIман-кIудида ва Хажада цадахъ рохьове къокъана. Меседоги гьебго къоялъ магIарде, гIияде ана.

# ТалихІалде захІматаб нух



**ГІажаибаб жо буго гІумру. ГІумруялда жаниб нилъеда гІемерал рохаралги, пашманалги къоял дандчІвала, чанги гІажаиблъи гьабизе кколел лъугьа-бахъинал лъугьуна. Гьеб гуребги – гІумруялъул щибаб къоялъ нилъее дарсал кьола, росизе лъалел ругони. Гьеле цо гьединаб гІумруялъул хІакъалъулъ бицине бокьун буго нужее.**

Каспийск шагьаралда гІумуру гьабун йикІана цо гІадатияй Марьямилан абурай яс. Марьям йикІана школалдаги лъикІ цІалулей, эбелалъе кумек гьабун тепси гІуцІцІизеги бокьулей, гьалбалги хирияй яс. Къадру бугеб хъизанги букІун, берцинай ясги йикІун, яс абун рачІунел чагІиги гІемерлъана гьезухъе. ГІодоса тІадего батараб гІадаталда рекъон, кинаб хъизамалде яс кьун лъикІ, кинав вас гьелъие мустахІикъав вугевали хІукму гьабуна эбел-инсуца. І7 сон тІубарабго росулъе лъикІаб тухумалъул васасе кьуна Марьям. Хинлъигун бицуна Марьямица жиндирго росасул эбел-инсул хІакъалъулъ, якьад йикІана гьелъие кІиабилей эбеллъун, яцалин абуни – жакъаги руго бищунго лъикІал гьудулзабилъун.

ГІолохъанай нус хехго ругьунлъана росдал гІумруялде, хасго, картошкаги капустаги гурони бекьулареб, пастІаналъуй квал-квадизе бокьулаан гьелъие. Гьединлъидал, чанцІул эбел-инсухъе шагьаралде ячІаниги гьелъ сумкаби цІезабун гІурччинлъи, баклажанал, болгариялъул перцал, батІи-батІияб сорталъул чараб капуста, шпинат, гьединал жал росулаан рокъоре. Гьанже ракІалда гьечІо Марьямида тІоцебе жиндирго пастІаналъуб гьеб кинабго бекьизе пикру кидал бачІарабали. Бекьана. Бижана.

Росана хьонал. ЦІалана кин гьел рекьизе кколел ва кинаб хъулухъ гьезда хадуб гьабизе колебали ва лъугьинабуна жиндирго пастІан мисалияблъун, сурат бахъарабгІанги берцинаб букІана Марьямил пастІан. Щибаб гІурччинлъиялъул букІана жиндирго бакІ битІараб хІуччдаса кьуричІеб, щибалъе данде кколеб ракь, рак, сали, букІине кколеб хъулухъ, заманаялда лъалъай. ЛъикІаб хъулухъ гьабуни цІун бачІунеб гІадат бугелъул, пастІанги Марьям йоххизайизе кватІичІо. Жидерго росулъа гурелги, аскІор ругел росабалъаги рачІунел рукІана гІадамал шагьаралдаса ячІарай ясалъул гІажаибаб пастІан бихьизе. ГІемерисел божулелцин рукІинчІелъул шагьаралдаса ясалъул кинаб пастІан букІунебилан. Бихьанаха киназдаго - хІалтІукьа хІинкъуларей, квер тІадагьай яс Марьям йикІин.

Гьаб макъала цІализе кола жиндаго божилъи хварал, кверал гІодоре риччарал, цебе канлъиго бихьулеб гьечІел чагІаз. Марьямил букІана аниц – берцинаб гвангъараб кондитерская, гьелъие бокьун букІана берцинаб махІги сверун тІибитІизабун тІагІамал пироженноял, десертал режизе, гьелда жиндирго кофейняялъул столазда тІад рукІине ругел тІугьдузул махІгицин чІвалеб букІана, къадазда рукІине ругел сураталцин цере чІолел рукІна… амма гьеб букІана цохІого аниц. ГІумруйин абуни батІияб букІана – росулъ кІудияб рукъ, лъимал, азбар, пастІан…

КІудиял гІуна ясал. Цояй цІализе лъугьана медицинаялъул институталде, кІиабилей – университеталъул экономическияб факультеталде. Гьезда лъалареб кІудияб шагьаралда ясал жалго цохІо течІого рукІинелъун, Марьямица цІакъ захІматаб, амма хъизаналъулго букІиниселъе кІвар бугеб хІукму къотІизе ккана. Ккуна квартираги, росана цІакъго хІажатал жалги росулъа ва гІумру гьабизе байбихьана. Пачалихъалдаго къайи баччулев вугев росасул кумекалдеги хьулго букІинчІо. Гьесие гьадинги рекІее гІолеб букІинчІо Марьям шагьаралде яхьин. Щиб гьабулейдай мун гьений мунго цохІо йикІиней, чан къоялъдай хІехьелеб, анкьидасан тІадюсун ячІинилан абулеб букІана гьес.

Рос гуревги, эменги вацалги рукІана гьелъул хІукмуялда рази гьечІого. ЛъикІаб кІудияб рукъги росулъ тун, шагьаралда щибго гьечІеб бакІалде яхъине щиб гьабичІого гІолареб жо гьениб букІарабилан рукІана гьел. Марьямица кІвараб хІаракат бахьана, гьелги тІад релъизарун тІадюсине ккечІого букІиналъе, хІалтІи балагьизе. Гьелдаса нахъе ана анцІила кІиго сон. Гьанже божизецин захІмат буго киналъего экономия гьабун, цІалуде ясалцин лъелго хьвадулел рукІараб заман. Жиндаго божулел рукІинчІелцин–налги тІад релъун тІадюссине ккелилан абураб хІинкъи букІана бищунго рахІат толареб жолъун.

Жакъа нилъеца бицуней гІадан зурзудулездаса гуро. Гьей йиго кІвараб хІаракат бахьун цее унездаса цояй. Гьелъие цІаларай гьечІониги, даран базар гьабизе, щиб гьабсагІат

**Женщина Дагестана**

**На аварском языке**

**Учредитель:**
Министерство информатизации, связи и массовых коммуникаций РД.
**Главный редактор**
Н. М. КЕРИМОВА
e-mail: J-dag@mail.ru
**Редакционная коллегия:**
**заместитель главного редактора**
А. Ю. АБДУРАХМАНОВА,
e-mail: delia25@mail.ru
**ответственный секретарь**
С. Х. БУЛГАЕВА
**редактор русского выпуска**
Г. Х. АСАДУЛАЕВА
**редактор аварского выпуска**
Б. Ш. МУХИДИНОВА
bahu4y@mail.ru
**редактор даргинского выпуска**
П. Г. ВАГИДОВА
**редактор кумыкского выпуска**
П. Х. ХАЙБУЛЛАЕВА
**редактор лезгинского выпуска**
Н. Н. ИБРАГИМОВА
e-mail: shikhnabieva1981@mail.ru
**редактор лакского выпуска**
З. Т. АБДУРАХМАНОВА
**редактор табасаранского выпуска**
С. М. ИСРАФИЛОВА
**Корреспонденты:**
Э. ИБРАГИМОВА,
А. ТАЖУДИНОВА,
В. РАТЕНКОВА.
**Заведующий редакцией**
С. М. ГАМЗАТОВА
**Художественный редактор**
Г. А. КУРБАН-АДАМОВА,
e-mail: guleymat@mail.ru
**Адрес редакции и издателя:**
367018, Республика Дагестан,
г. Махачкала, пр-т Насрутдинова, 1[а].
e-mail: j-dag@mail.ru
**Журнал отпечатан в типографии:**
ГАУ РД Издательский дом «Дагестан».
**Телефоны редакции:**
65-00-36, 65-00-37, 65-00-39, 65-00-40.
**Официальный сайт журнала «Женщина Дагестана»: женщинадагестана.рф**
Сдано в набор 24.10.2019.
Подписано в печать 11.11.2019.
Формат бумаги 60 x 84 1/8.
Объем: 5,5 печ. л.
Заказ № 1005. Тираж (3300)530 экз.
Журнал для семейного чтения. Издается с 1957 г. Выходит на аварском, даргинском, кумыкском, лакском, лезгинском, русском, табасаранском языках один раз в два месяца.
Свидетельство о регистрации СМИ ПИ № ТУ05–00429 выдано Управлением Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан.
**На обложке:**
I– Индира Юнусова – главный детский онколог и гематолог Минздрава РД и главный детский гематолог СКФО.

гІадамазе хІажат бугебали бичІчІизе гьунарги батана Марьямил. Гьелдаго тІаде хІалтІукьа хІинкъунгутІиги, жиндирго мурадалде щвечІого нахъе къангутІиги.

Байбихьана цо гьитІинабго рукъги бацІцІа-бакун, гьениб кІиго духовкаги лъун, жиндиего ругьунал даргиязул цІурачададздасан. Цо-кІиго къоялде киналниги студентаздаги, преподавателаздаги, аскІор ругел рукъзабахъа чагІаздаги машгьурлъана гьел цІурачадал. Хадубин абуни гьаризе ва режизецин заман гІолеб букІинчІо гьелъул пирогазе, цоцахъе рахъи гьарун росун унел рукІана. Ва хадубги кІиго моцІалдаса аскІобго бугеб кІиго рукъги ккун гьенибги шаурма, грилалда режарал гІанкІуялги ричизе лъуна. ТІоцебе цІакъ захІматго букІана. ХІалтІуца кигІан свакан йикІаниги, кин гьеб пиша щулалъизабилеб ва цебетІезабилебалиги ургъизе кколей йикІана. ЛъикІай экономист гурейги, хІалтІулаго бичІчІана гьей махщалилай менеджерги, маркетологги йикІинги. Гьелъ, жийго бетІергьанаб берцинаб кофейняялъул анищазда йикІаниги, цогидазеги кумек гьабулаан лъикІаб доход бачІунеб бизнес бачине ва цебетІезабизе.

Гьей жиндирго махщалидаги лъаялдаги тІадги йикІана хІалтІулей. Унаан мастер-классазде цІар рагІарал кондитерахъе, гьаризе захІматал тортал режизеги къачІазеги лъазабуна. Жиндирго гьел режулеб бакІ жеги гьечІониги. ГІемерал батІиял гІадамалгун дандчІвана, лъикІабги квешабги бихьана, амма лъикІал гІадамал гІемер рукІиналда божилъи хвечІо.

Гьеб анцІила кІиго соналда жаниб гІемерал хиса-басиял ккана гІумруялдаги. Ясал ригьнаде кьуна. Гьенибги Марьямица жиндирго рагІи билълъинабизе ккана. Тухумалъул кІудияз яс йокьарав васасе кьоларого – гьенибги рагІи абизе ккана Марьямица. Цо кидаялиго кІиябго тухумалъул дандеккунгутІиял рукІанилан, рокьаразул нухда гьецІо лъезе лъугьунел рукІана гьел. Марьямица ясалъе рагІи кьола бажарараб кинабго гьабилин гьелъул талихІалъе гІолойилан. ГІемераб хабар бицана гьелъ росасеги гьесул гІагарлъиялъеги лъималазул талихІалда цере чІогейилан. КІвана гьел итизаризе. Гьале гІезегІан сонал руго ясалъул талихІаб хъизанги гІуцІун лъикІав росгун лъималгун Москваялда клиникаялда хІалтІулей йигелдаса.

Аллагьасе йокьулей чІужу йиго Марьям. Квешаб авариялдеги ккун хвалде якІарун йикІана гьей. КІиго анкьалъ рентгеналдацин бихьичІо врачазда гьелъул анлъго бекараб хьабалухъгІучІ. Гьел рихьараб мехалъ врачасда бичІчІизе кІолеб букІинчІо, гьединаб унтигун кин гьей жеги чІаго йигеяли. Операция гьабилалде цебесеб сордоялъ къан бухьун унтараб бакІгун, тортал къачІалей, коржал режулей йикІана гьей. ГІадамасе божутІа рекІкІ гьабизегІан хунги яхъунги хІалтІизе разияй йикІана гьей. Гьебги букІана Марьямил хаслъи. ГІадамасул божилъи цІуни. Гьелъул фирмаялда 8 чи вуго хІалтІулев.

Операциялдаса хадуб, тІокІаб хІалтІуде яхъун чІаголъи букІинарин гьалъулилан, гІагараз кинабниги оборудование бичана. Гьелда жиндагоги кколеб букІана бажариларилан. КІиго моцІалъ бусадаги егун, мадар лъугьарабго гьелда бичІчІана тІатІала кверал лъун гІодой йикІун гьелъухъа бажарулареблъи. ЦІидасан росана печал, духовкаби, витринаби, полкаби… ЦІидасан байбихьана байбихьудасаго. Жакъа къоялдаги Марьямил буго кулинариялъул школа ва чанго гьитІинабго кофейня «Claude Monet».

Цебего гІадин, гьанжеги гьечІо гьелъул цо минутниги гІадада хвезабизе, гьей йиго кидаго екерахъдилей, цадахъ чанго суал тІубалей. Свакалейги йиго, амма гьеб свак буго рохалилаб, бокьулеб хІалтІуда нахъа свакай. Гьей гьанжеги йиго цеего гІадинай берцинайги, киназего хІажатайги, талихІайги. Марьям кидаго гІагаразги, божаразги, гьудул-гьалмагъзабазги сверун ккун йикІуна. Гьелъ бицухъе, – рекІел анищал тІураялъе мурадалъ кьолеб букІана гьеб рагІалде бахъинабизе къуватги.

***ХІинкъуге анищал хиялал гьаризе. ХІинкъуге хІалтІукьа! Гьел тІурала!***

**Сулгият БУЛГАЕВА**


«Claude Monet»

ИНДЕКС 73901



# 2020

### ЯНВАРЬ

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| Пн | | 6 | 13 | 20 | 27 |
| Вт | | 7 | 14 | 21 | 28 |
| Ср | 1 | 8 | 15 | 22 | 29 |
| Чт | 2 | 9 | 16 | 23 | 30 |
| Пт | 3 | 10 | 17 | 24 | 31 |
| Сб | 4 | 11 | 18 | 25 | |
| Вс | 5 | 12 | 19 | 26 | |

### ФЕВРАЛЬ

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| Пн | | 3 | 10 | 17 | 24 |
| Вт | | 4 | 11 | 18 | 25 |
| Ср | | 5 | 12 | 19 | 26 |
| Чт | | 6 | 13 | 20 | 27 |
| Пт | | 7 | 14 | 21 | 28 |
| Сб | 1 | 8 | 15 | 22 | 29 |
| Вс | 2 | 9 | 16 | 23 | |

### МАРТ

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| Пн | | 2 | 9 | 16 | 23 | 30 |
| Вт | | 3 | 10 | 17 | 24 | 31 |
| Ср | | 4 | 11 | 18 | 25 | |
| Чт | | 5 | 12 | 19 | 26 | |
| Пт | | 6 | 13 | 20 | 27 | |
| Сб | | 7 | 14 | 21 | 28 | |
| Вс | 1 | 8 | 15 | 22 | 29 | |

### АПРЕЛЬ

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| Пн | | 6 | 13 | 20 | 27 |
| Вт | | 7 | 14 | 21 | 28 |
| Ср | 1 | 8 | 15 | 22 | 29 |
| Чт | 2 | 9 | 16 | 23 | 30 |
| Пт | 3 | 10 | 17 | 24 | |
| Сб | 4 | 11 | 18 | 25 | |
| Вс | 5 | 12 | 19 | 26 | |

### МАЙ

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| Пн | | 4 | 11 | 18 | 25 |
| Вт | | 5 | 12 | 19 | 26 |
| Ср | | 6 | 13 | 20 | 27 |
| Чт | | 7 | 14 | 21 | 28 |
| Пт | 1 | 8 | 15 | 22 | 29 |
| Сб | 2 | 9 | 16 | 23 | 30 |
| Вс | 3 | 10 | 17 | 24 | 31 |

### ИЮНЬ

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| Пн | 1 | 8 | 15 | 22 | 29 |
| Вт | 2 | 9 | 16 | 23 | 30 |
| Ср | 3 | 10 | 17 | 24 | |
| Чт | 4 | 11 | 18 | 25 | |
| Пт | 5 | 12 | 19 | 26 | |
| Сб | 6 | 13 | 20 | 27 | |
| Вс | 7 | 14 | 21 | 28 | |

### ИЮЛЬ

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| Пн | | 6 | 13 | 20 | 27 |
| Вт | | 7 | 14 | 21 | 28 |
| Ср | 1 | 8 | 15 | 22 | 29 |
| Чт | 2 | 9 | 16 | 23 | 30 |
| Пт | 3 | 10 | 17 | 24 | 31 |
| Сб | 4 | 11 | 18 | 25 | |
| Вс | 5 | 12 | 19 | 26 | |

### АВГУСТ

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| Пн | | 3 | 10 | 17 | 24 | 31 |
| Вт | | 4 | 11 | 18 | 25 | |
| Ср | | 5 | 12 | 19 | 26 | |
| Чт | | 6 | 13 | 20 | 27 | |
| Пт | | 7 | 14 | 21 | 28 | |
| Сб | 1 | 8 | 15 | 22 | 29 | |
| Вс | 2 | 9 | 16 | 23 | 30 | |

### СЕНТЯБРЬ

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| Пн | | 7 | 14 | 21 | 28 |
| Вт | 1 | 8 | 15 | 22 | 29 |
| Ср | 2 | 9 | 16 | 23 | 30 |
| Чт | 3 | 10 | 17 | 24 | |
| Пт | 4 | 11 | 18 | 25 | |
| Сб | 5 | 12 | 19 | 26 | |
| Вс | 6 | 13 | 20 | 27 | |

### ОКТЯБРЬ

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| Пн | | 5 | 12 | 19 | 26 |
| Вт | | 6 | 13 | 20 | 27 |
| Ср | | 7 | 14 | 21 | 28 |
| Чт | 1 | 8 | 15 | 22 | 29 |
| Пт | 2 | 9 | 16 | 23 | 30 |
| Сб | 3 | 10 | 17 | 24 | 31 |
| Вс | 4 | 11 | 18 | 25 | |

### НОЯБРЬ

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| Пн | | 2 | 9 | 16 | 23 | 30 |
| Вт | | 3 | 10 | 17 | 24 | |
| Ср | | 4 | 11 | 18 | 25 | |
| Чт | | 5 | 12 | 19 | 26 | |
| Пт | | 6 | 13 | 20 | 27 | |
| Сб | | 7 | 14 | 21 | 28 | |
| Вс | 1 | 8 | 15 | 22 | 29 | |

### ДЕКАБРЬ

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| Пн | | 7 | 14 | 21 | 28 |
| Вт | 1 | 8 | 15 | 22 | 29 |
| Ср | 2 | 9 | 16 | 23 | 30 |
| Чт | 3 | 10 | 17 | 24 | 31 |
| Пт | 4 | 11 | 18 | 25 | |
| Сб | 5 | 12 | 19 | 26 | |
| Вс | 6 | 13 | 20 | 27 | |